ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№114 (24.396) • 2022 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

• ЗэІущІэхэр



# Къэрал унафэм тету

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ зыхъумэжыныгъэмкІэ и советым и зэхуэс ин. Абы къыщаІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къэралым и цІыхухэр хэхауэ дзэм ираджэным теухуауэ ищІа унафэр щІыналъэм щыгъэзэщІэныр.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ Полномочнэ лІыкІуэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, КъБР-м и дзэ комиссар подполковник **Пахомов Дмитрий**, республикэм и министерствэхэм я пашэхэр, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ, кІэлъыплъакІуэ, ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм я лІыкІуэхэр.

Зэхуэсым зэрыщыжаІамкІэ, дзэм ираджахэм я япэ гупыр дыгъуасэ яшащ зыщагъэсэну, Іуэхум щыхуагъэхьэзырыну щІыпІэм. ЩІыналъэм и гъэзэщІакІуэ органхэр, щІыпІэхэм унафэ щызезыгъакІуэхэр дзэ комиссариатхэм ядэлажьэ зэпытщ. Унафэ псори къащтэ, властым и федеральнэ ІэнатІэхэу ди республикэм щыІэхэм я пашэхэмрэ республикэм и дзэ комиссариатымрэ я гъусэу.

- Дзэм ираджа цІыхухэм зэгурыІуэныгъэкІэ къулыкъур езыхьэкІхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ яІэ шэсыпІэхэм хуэдэ кърабытынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІ зауэлІхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным хуэгъэза Іуэхугъуэхэр мыгувэу щІыналъэм къыщызэдгъэпэщынущ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Іэтащхьэм щІыпІэ унафэщІхэм къалэн ящищІащ дзэм ираджэхэм я адэ-анэхэм, Іыхьлыхэм пыщІэныгъэ сыт щыгъуи хуаІэу лэжьэну, ахэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр ягъэтэмэмын, я упщІэхэм жэуап иратын папщІэ.

# Донбассым къыхихыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыдищтэнущ

**КІуэкІуэ Казбек Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэм, Херсон, Запорожье областхэм щыпсэухэм а щІыналъэхэр Урысей Федерацэм гухьэным теухуауэ референдум ирагъэкІуэкІыну мурад зэращІар зэрадиІыгъыр къигъэнэІуащ. ІэІэтым нышэдибэ (фокІадэм и 23-м) сыхьэти 7-м щІидзауэ, фокІадэм и 27 пщІондэ екІуэкІынущ. ЩІыналъэхэм ис цІыхубэм я гукъыдэжыр къызэрагъэлъагъуэ щІыкІэр дунейпсо мардэмрэ ООН-м и уставымрэ тету йокІуэкІ.**

«ДЭ дуней псом и гулъытэр зыхуэгъэза, тхыдэр лъэныкъуэщІэкІэ зыунэтІ къэхъукъащІэм дыхиубыдащ икІи дрищыхьэтщ. Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэмрэ Херсон, Запорожье областхэмрэ щыпсэухэмрэ я унэ екІуэлІэжыну, лъэпкъ куэду зэхэт Урысей щэджащэм щыщ хъужыну хуейщ. Дунейм щекІуэкІ политикэми, экономикэми зэрызихъуэжым лъабжьэ хуэхъу, къэгъазэ зимыІэж къэхъукъащІэ ин дыдэхэм я щапхъэщ ар. ИкІи а Іуэху мытыншым Урысейр текІуэныгъэр и Іэпэгъуу хэтщ!» - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и унафэщІым къыхигъэщащ: «Референдумым щІимыдзэ щІыкІэ, къухьэпІэ политикхэм япэ зыкърагъэщри, абы къигъэнэІуэнухэр къабыл зэрамыщІынур ягъэІуащ, Урысейм Іэщэр къыхуагъэдалъэу. Ауэ щыхъукІэ, украин щІэпхъаджащІэхэм цІыхубэ мамырым псэупІэ иратыркъым, яукІахэмрэ уІэгъэ ящІахэмрэ я бжыгъэр хохъуэ, сабийхэри яхэту. А гупым къагурыІуэркъым илъэси 8 хъуауэ я Іэщэм имыгъэІурыщІэфа Донбассыр зыми зэрыщымышынэжыр. Псэуну зэрыхуитырщ абыхэм къыхахыр, апхуэдэ хуитыныгъэ яІэщ. ИкІи цІыхухэм ди къэралым щыщ хъуну гукъыдэж зэращІар, УФ-м къыгухьэну зэрыхуейр къагъэлъагъуэмэ, урысей цІыхубэми ар ядиІыгъынущ».

ЩІыналъэм и унафэщІыр тепсэлъыхьащ референдумым и екІуэкІыгъуэр Урысей армэм «хуит ящІыжа щІыпІэхэр ихъумэу, ди къуэшхэм мамыр гъащІэ зэтраухуэнымкІэ зыщІигъэкъуэн папщІэ», хэхауэ дзэм щраджэ пІалъэм зэрытехуам.

«Хэхауэ дзэм ираджэн Іуэхур ди республикэми щокІуэкІ. Дэ дыдоІыгъ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и дэтхэнэ унафэри. Зауэ Іуэху щхьэхуэм зэрыщІидзэрэ, лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ ди зауэлІхэм Іэзагъ къагъэлъагъуэу яхъумэ Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ Донбассым щыщ цІыхубэ мамырымрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр псапэхуэщІэ лэжьыгъэхэми жыджэру хэуващ. ЩІыналъэм иджыри зэпигъэуакъым цІыхубэмрэ дзэм хэтхэмрэ ядэІэпыкъун Іуэхур, ахэр зыхуейхэр яхуэзышэ машинэхэр яутІыпщ зэпытщ. Херсон областым хыхьэ Скадовскэ щІыналъэм социальнэ ухуэныгъэхэмрэ инфраструктурэмрэ щызэфІэувэжынымкІэ дыдоІэпыкъу, щІыпІэр къэралым къыбгъэдэкІ дэІэпыкъуныгъэм пыщІа, и цІыхубэр хъума хъун папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, хуит ящІыжа щІыналъэхэм зэракъуэтыр къыхигъэщу.

# Щэнхабзэмрэ спортымрэ я фестиваль

**Шэшэн Республикэм и Грознэ къалэм дыгъуасэ къыщызэІуахащ Кавказым ис лъэпкъхэм я ебланэ щэнхабзэ, спорт фестивалыр. ФокІадэм и 23 - 25-хэм екІуэкІыну зэхыхьэ гуапэм зэхуишэсащ музейхэм я лэжьакІуэхэр, артистхэр, декоративно-прикладной гъуазджэм и ІэпщІэлъапщІэхэр. Апхуэдэу абы зыкъыщагъэлъагъуэ Лэскэн, Шэрэдж, Прохладнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэхэм. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м ЩэнхабзэмкІэ, СпортымкІэ и министерствэхэм, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм я гъэу мы илъэсыр зэрагъэуvам хыхьэу.**

ФЕСТИВАЛЫМ хэтщ Урысейм и хэгъэгу 14-м щыщ цІыху 600-м нэблагъэ. Зэхыхьэр щаублэм концерт ятащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Ипщэ федеральнэ щІыналъэмрэ я уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ - «Вайнах», «Заманхо», «Башлам», «Нохчо», «Молодость Дагестана», «Ингушетия», «Балкария», «Алан», «Ставрополье», «Чёрное море», «Криница», «Тюльпан», «Ислъэмей» ансамблхэм.

ЦІыхуи 180-м щІигъу зыхэт зэхыхьэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэми лъэпкъ пщІантІэхэр щагъэуващ. Абы щагъэлъагъуэ декоративно-прикладной гъуазджэмкІэ лэжьыгъэхэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэхэмрэ. Зэхуэсым хэтхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ Іэмал яІэщ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм утыку щагъэлъагъуэ гъэщІэгъуэнхэм зыщагъэгъуэзэну.

Шахбулатов Аднан и цІэр зезыхьэ Шэшэн къэрал филармонием нобэ къыщызэрагъэпэщынущ «Многонациональная




Россия» урысейпсо лъэпкъ зэхыхьэр. Абы щрагъэкІуэкІынущ «Культурный код народов России» зэІущІэр. Зэхыхьэм щытепсэлъыхьынущ Урысейм ис лъэпкъхэм я тхыдэ хъугъуэфІыгъуэхэмрэ щэнхабзэ лъапІэныгъэхэмрэ зэрахъумэжынум, ахэр зэрагъэбэгъуэнум.

Щэнхабзэ, спорт зэхыхьэшхуэм ирагъэблэгъащ Гъуазджэмрэ цІыхубэ творчествэмрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэ яІэнымкІэ департаментым и унафэщІ Косаревэ Оксанэ, «Росконцерт» ІуэхущІапІэм и унафэщІ Малышев Андрей, абы и къуэдзэ Кондратьевэ Светланэ, ЦІыхубэ творчествэмкІэ Поленов Василий и цІэр зезыхьэ къэрал унэм и унафэщІ Пуртовэ Тамарэ, лъэпкъ творчествэ гупхэм я зэгухьэныгъэм и президент, «Лезгинка» академическэ къэрал къэфакІуэ ансамблым и унафэщІ Магомедов Джамбулат, театрымрэ телевиденэмрэ я режиссёр Цветков Сергей сымэ, нэгъуэщІхэри.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# КъБР-м и парламентархэм я дaIыгъ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финанс рынокымкlэ и комитетым и унафэщl, «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыlэм и пашэ АФЭЩlАГЪУЭ Михаил**:

- Сызэреплъымкlэ, Донбассым, щхьэхуит къащlыжа адрей щlыналъэхэм референдумхэр щегъэкlуэкlыным иджыпсту политикэ мыхьэнэшхуэ иlэщ. Референдумхэр зэфlэкlрэ ДНР-р, ЛНР-р, хуит къащlыжа адрей щlыналъэхэр Урысейм къыгухьэмэ, абыхэм исхэм гупсэхугъуэ зэрагъуэтыжынур си фlэщ мэхъу. Дауэ щытми, а lуэхум и фlыщlэкlэ абыхэм я суверенитетыр яхъумэжынымкlэ, я къэкlуэнур езыхэм яубзыхунымкlэ lэмал яlэнущ. Референдумым хэтхэм я нэхъыбапlэм апхуэдэ унафэм и телъхьэу lэ яlэтмэ (абы сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым), тхыдэ захуагъэр зэтеувэжауэ, а щlыналъэхэр я адэжь лъапсэм къыгухьэжауэ аращ. Атlэми, Киев тепщэныгъэр щызыlыгъхэр а цlыхухэм зыкlи къахуейкъым, уеблэмэ езыхэм я бийуэ къалъытэри, зэрагъэкlуэдыным хущlокъу.

Дауэ щымытми, ди жагъуэ мэхъу алъандэрэ екlуэкlар: а щlыналъэхэм исхэр илъэсий лъандэрэ зэпымыууэ шэкъэуэжым хэтщ, ахэр яукl, залымыгъэ кlэлъызэрахьэ.

Къыхэзгъэщхьэхукlыну сыхуейщ иужьрей мазэхэм екlуэкla lуэхухэм, сызэреплъымкlэ, ди цlыхубэр зэрызэкъуагъэувар. Иджыпсту а щlыналъэхэм референдум щегъэкlуэкlыным икlи ахэр Урысей Федерацэм къыхэгъэхьэным и телъхьэхэр куэдкlэ нэхъыбэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Урысейм щрагъэкlуэкl социологие къэпщытэныгъэхэр, урысей жылагъуэ лэжьакlуэхэм, политикхэм, цlыху къызэрыгуэкlхэм жаlэхэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкlэ, хъыбарегъащlэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщl, КПРФ-м и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыlэм и lэтащхьэм и къуэдзэ КЪУМАЛ Заурбэч**:



- Зэхэгъэкlыныгъэ пlалъэр, ди къэралым и дежкlэ тхыдэ мыхьэнэ зиlэ зэманыр къэсащ. Иужьрей мазэхэм екlуэкla lуэхухэм дэ драшэлlащ Донбассыр неофашизмэм къыlэщlэгъэкlыжынымкlэ дзэ операцэ хэхар егъэкlуэкlыным икlи щхьэхуит къащlыжа щlыналъэхэм ис цlыхубэм езыхэм я псэукlэнур зэрафlэфlым хуэдэу къыхахыным. Украинэм и ищхъэрэ-къуэкlыпlэ щlыналъэу щытахэу плlым я lэтащхьэхэм зэакъылэгъуу Урысей Федерацэм зыкъыхуагъэзащ а щlыналъэхэр къыгуэгъэхьэным теухуа референдум егъэкlуэкlынымкlэ дэlэпыкъуэгъу ди къэралыр яхуэхъуну къэлъаlуэу. Донецк, Луганск республикэхэм, Херсон областым, Запорожьем я цlыхубэм езыхэм я хэкуу щыт Урысейм къыхуаlэ пыщlэныгъэхэр ямыгъэкlуэду илъэсипщl бжыгъэкlэ екlуэкlащ икlи ахэр тхыдэм и пэжыр зэблэзышыну хущlэкъухэм, фашист пропагандэм, НАТО-м и идеологием япэщlэтащ. Цlыхухэм яхузэфlэкlыу зыри къагъэнакъым: ахэр адэжьхэм я фэеплъым епцlыжакъым, 2014 гъэм Киев щызэтеува тепщэныгъэм и залымыгъэм щышынэу я щхьэр ягъэщхъакъым. Апхуэдиз бэлыхьым хэта икlи гукlи псэкlи дэ тщыщ цlыхубэм я гурылъхэмрэ я плъапlэхэмрэ ядэдмыlыгъыну дыхуиткъым. Дэ абыхэм дадэlэпыкъуну ди къалэнщ. КПРФ-м и фракцэм хэтхэм зэакъылэгъуу къалъытэ хуит къащlыжа щlыналъэхэм референдумхэр щегъэкlуэкlыныр къэралым и унафэщlхэм зэрыдаlыгъар нэгъэсауэ тэмэму, ар куэд щlауэ зыпэплъа икlи цlыхубэм я къэкlуэнур зыубзыху lуэхуу зэрыщытыр.

**«Захуагъэ здэщыlэ Урысей-Пэжым и телъхьэу» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыlэм и lэтащхьэ КЕБЕКОВ Владимир**:



- Сэ сызэреплъымкlэ, а референдумыр куэд щlауэ ирагъэкlуэкlын хуеящ. Абы щыгъуэм цlыху нэхъыбэ псэууэ къэнэнкlэ хъунт, Украинэм зи щхьэр къыщызыlэта фашизмэми Донецкрэ Луганскрэ я щlыналъэхэм зэман кlыхькlэ щызэхащlыхьахэр ялэжьыну шынэну къыщlэкlынт. Иджыпсту референдумыр екlуэкlынурэ, а щlыналъэхэр Урысей Федерацэм щыщ хъунущ. Икlи, иджыпсту Украинэм дэlэпыкъуурэ, НАТО-р а областхэм къезауэмэ, ахэр УФ-м къыхыхьа нэужь, абыхэм топкlэ, ракетэхэмкlэ къеуэн япэкlэ ар зи щlыналъэу щытым егупсысын хуей хъунущ. Абы къыхэкlыу референдумхэр егъэкlуэкlыным сэ срителъхьэщ. А щlыналъэхэм исыр ди цlыхухэрщ, урысей лъэпкъырщ, абы къыхэкlыу а областхэр Урысей Федерацэм къыхэгъэхьэныр унафэ тэмэмщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщl, ЛДПР партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыlэм и унафэщl БЕЗГОДЬКЭ Владимир**:



- Зэрыщыту Урысейм и либерал-демократ партым хуэдэу, ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм референдумхэр диlыгъ къудейм къыщымынэу, цlыхухэр ажалым къегъэлын мурадкlэ ДНР-м, ЛНР-м, ди дзэхэм щхьэхуит къащlыжа адрей украин щlыналъэхэм фlэкlыпlэ имыlэу ахэр къыщызэгъэпэщын хуейуэ къелъытэ. Дэ махуэ къэс долъагъу удын нэхъыщхьэр дзэхэр мыхъуу, уеблэмэ, граждан инфраструктурэр къэгъэнауэ, къызэрыгуэкl цlыхухэм зэрытрагъапсэр. Ар хьэкlэкхъуэкlагъэщ, цlыхуукlщ, икlи Жириновский Владимир Вольф и къуэм къытхуигъэна уэсятым тету тхузэфlэкl псори длэжьын хуейщ а щlэпхъаджагъэхэр къызэпыдудын папщlэ. Дэ абы дыхуэхьэзырщ. ЛДПР-р щхьэхуит къащlыжа щlыналъэхэм куэд лъандэрэ щолажьэ: референдумхэр къызэгъэпэщыным дыхэтщ, ди ныбжьэгъухэм дадоlэпыкъу, абыхэм сыт и лъэныкъуэкlи защlэдгъэкъуэну ди мурадщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Мэкъумэш lуэхухэмкlэ, щlыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкlэ, экологиемкlэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщlым и къуэдзэ, «Щхъуантlэхэр» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыlэм и lэтащхьэ ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий**:



- Украинэм иджыпсту хиубыдэ щlыналъэу зи гугъу тщlыхэм щекlуэкl псоми сэ сагъэпlейтей. Урысей Федерацэм исхэм я нэхъыбапlэри абыхэм ягъэпlейтейуэ къыщlэкlынущ, махуэ къэс абыхэм залымыгъэхэр зэрыщызэрахьэм, сабий цlыкlухэр, жьыкlэфэкlэхэр зэрыщызэтраукlэм къыхэкlыу. Ипэжыпlэкlэ а щlыналъэхэм къинакъым Европэ псор щхьэхуит къэзыщlыжа ди сэлэтхэм ящыщу хэкlуэдахэм я зы фэеплъи. Сэ къызэрыслъытэмкlэ, неонацизмэмрэ неофашизмэмрэ напи, укlыти, гупсыси яlэкъым. Фэ фщlэжу къыщlэкlынщ совет, къыргъыз тхакlуэшхуэ Айтматов Чингиз «къызыхэкlамрэ и тхыдэмрэ зымыщlэж цlыхур ипэжыпlэкlэ гъэрщ, нэгъуэщlхэм я унафэм щlэт гъэрщ» зэрыжиlауэ щытар. Абы къыхэкlыу сэ къызолъытэ Украинэм и унафэщlхэр гъэру икlи абыхэм хамэ унафэхэр ягъэзащlэу. Си щхьэкlэ апхуэдэущ къызэрыслъытэр.

Референдумхэм я гугъу пщlымэ, ахэр цlыхубэм я мурадыр наlуэ къэщlынымкlэ lэмалу аращ. Къызэрыслъытэмкlэ, утыку кърахьа lуэхур икъукlэ гурыlуэгъуэщи, абы зэман гъунэгъум къриубыдэу жэуап убзыхуа иратынщ а щlыналъэхэм ис хэм.

Апхуэдэу сэ икъукlэ гулъытэшхуэ хуэсщlу седэlуащ къытпэщыт къалэнхэм ятеухуауэ иджыблагъэ УФ-м и Президентым къипсэлъам. Жысlэну сыхуейщ ар гум дыхьэу, ипэм къыщыщlэдзауэ и кlэм нэс гурыlуэгъуэу зэрыщытар. Абы къыхэкlыу сэ, Урысей Федерацэм и гражданиным, апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и депутатым, сыт и лъэныкъуэкlи дызоlыгъ УФ-м и Президентым иригъэкlуэкl политикэр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-lуэхущlапlэ.***

# КъэкIуэну насыпыфIэр яубзыху

**Донецк, Луганск цlыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм я къэкlуэнум теухуауэ референдум ирагъэкlуэкlынур зэрыдаlыгъым ехьэлla пэкlу Кlуэкlуэ Валерэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и пщlантlэм дыгъуасэ щекlуэкlащ. Абы хэтащ республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, егъэджакlуэхэр, еджапlэ курытхэмрэ нэхъыщхьэхэмрэ щеджэхэр, артистхэр, нэгъуэщlхэри.**

«НОБЭРЕЙ зэхуэсыр Урысейм и къуэ пажэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент Кlуэкlуэ Валерэ и фэеплъ сыным деж зэрыщекlуэкlыр нагъыщэхэм ящыщщ. Абы и гъащlэ плъапlэу щытар цlыхубэм я зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм папщlэ Хэкум хуэлэжьэнырт. Дэ набдзагубдзаплъэу дыполлъэ Донецк, Луганск цlыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм я къэкlуэнум теухуауэ референдумым кърикlуэнум. Мы махуэхэм дуней псом плъапlэу яlэр Урысейращ. Сытым дежи къызэрекlуэкlам тету дэ ди къалэн нэхъыщхьэщ мамырыгъэр зэтеlыгъэным зи лэжьыгъэр хуэунэтlахэм ядэтlыгъыну, - щыжиlащ зэхуэсым КъБР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ, езыхэм я фlэфlыныгъэкlэ дзэм хыхьэным зегъэужьынымкlэ комиссэм и унафэщl Байчекуевэ Нинэ. - Нобэ цlыхубэр зэкъуэувэн хуейщ, хэкупсэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр - къэралыр хъумэныр къэгъэщlэрэщlэжыпхъэщ. Сызэреплъымкlэ, референдумым кърикlуэнур дызыпэплъэращ, абы къыхэкlыуи къыхэзгъэщыну сыхуейщ а лъэпкъхэм гуапагъэкlэ дызэрыпэплъэр. Я хэкужьым къызэрагъэзэжынум, мамырыгъэ, хуитыныгъэ къазэрыхудэкlуэнум, я гъащlэр хъума зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым. Ди нобэрей пэкlур иджыри зэ щыхьэт тохъуэ ди Президентым иригъэкlуэкl къэрал политикэр зэрыдэтlыгъым».





Херсон областым и курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Галыгэ Ольгэ КъБР-м и Правительствэм фlыщlэ хуищlащ щытыкlэ гугъум ихуахэм щlэгъэкъуэнрэ дэlэпыкъуэгъурэ къазэрыхуэхъум папщlэ. «Дыкъызэревгъэблэгъам, цlыхугъэ, гуапагъэ, гулъытэ къызэрытхуэфщlым къыхэкlыу фlыщlэ ин фхузощl ди цlыхухэм къабгъэдэкlыу. Фэ ди къэкlуэнур фlы зэрыхъунумкlэ гугъэ къыдывот, фи щlэгъэкъуэным ди псэр егъэхуабэ, ди гум гушхуэныгъэрэ гуфlэгъуэрэ кърелъхьэ. Нобэ Налшык дыщыlэми, ди фlэщ мэхъу ди лъэпкъэгъухэр lэlэт пэжым зэрыхуэкlуэнум. Дэ къыхыдох Урысейр, хуитыныгъэр, мамырыгъэр, къэкlуэну насыпыфlэр!», - жиlащ Галыгэ.

Къищынэмыщlауэ, пэкlум къыщыпсэлъащ студент зэгухьэныгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм я пашэхэр. Къызэхуэсахэм уэрэд дахэ яжриlащ КъБР-м и цlыхубэ артист Текуев Амур.

*Тхыгъэри сурэтри* **МЭЗКУУ Къан** *ейщ.*



# Хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткІэ

**ФокІадэм и 21-м къыщыщІэдзауэ къэралым и Іэтащхьэм Іэ щІидзащ «Урысей Федерацэм и цІыхуу дзэ къалэныр зыбгъэдэхуэхэм ящыщ Іыхьэ пыухыкІар мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм зэрыраджэм теухуауэ» Указым. Абы ехьэлІауэ цІыхубэм хъыбар зэтемыхуэ куэд яІэрыхьэ хъуащ. Мобилизацэм и екІуэкІыкІэм, ар зэхэубла зэрыхъум ехьэлІауэ щытыкІэм зэпкърыхауэ дыщагъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэ комиссар подполковник Пахомов Дмитрийрэ КъБР-м и дзэ-дохутыр экспертизэ центрым и унафэщІ ШонтІыкъу Аслъэнрэ.**

- УРЫСЕЙМ и цІыхуу мобилизацэм ипкъ иткІэ Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм къулыкъу щащІэну ираджахэу, абы щыхьэт техъуэ тхылъымпІэхэр зыІэрыхьахэр щыпсэу щІыпІэм и дзэ военкомантхэм екІуэлІапхъэщ. Япэ дыдэрауэ, абы щылажьэ комиссэм къыщипщытэнущ къулыкъу езыхьэкІыну къекІуэлІам и узыншагъэр. Дзэм къулыкъу зэрыщищІэн узыншагъэ бгъэдэмылъмэ, апхуэдэр ираджэнукъым. ПІалъэкІэ и узыншагъэр зэтеувэжынумэ, зэман дэкІмэ, иджыри комиссэм къипщытэжыну къыхуагъэувынущ. Пэжщ, зи узыншагъэм щыщІэныгъэ зиІэхэми, никъуэдикъуэхэми мобилизацэм ипкъ иткІэ зэрыраджэ тхылъымпІэхэри яІэрыхьэнкІэ хъунущ. Абы и щхьэусыгъуэр нэхъыбэу зэхьэлІар езы цІыхухэрщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дзэ учётым щыт къулыкъу ирихьэкІыну къызытехуэ дэтхэнэ зыми и къалэнщ езыр-езыру и узыншагъэм зэхъуэкІыныгъэ игъуэтам щыпсэу щІыпІэм щыІэ дзэ комиссариатыр щыгъуазэ ищІыну, армыхъумэ, дэ, комиссариатым, Іэмал диІэкъым абы и узыншагъэм и щытыкІэм езыр хэмыту зыщыдгъэгъуэзэну, - жиІащ ШонтІыкъу Аслъэн. - Къищынэмыщ Іауэ, цІыхубэм хъыбар хагъэІуащ зэхэгъэкІ имыІэу зи узыншагъэр тэмэмхэри, сымаджэхэри мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм ираджэу. Апхуэдэ хъыбархэр лъабжьэншэщ. ЦІыхур сымаджэрэ, ар хъужыну Іэмал иІэмэ, зэрызигъэхъужыну пІалъэр ират, мыхъужынумэ, абы и тхылъу ди деж щыІэм хуэфэщэн тхыгъэ тратхэри, лъэныкъуэкІэ хагъэтІылъыкІ. ЩІыналъэхэм щыІэ дзэ комиссариатхэм щызэхуашэсауэ къулыкъу щащІэну щІыпІэм ирашажьэхэм здэкІуэну щІыпІэм нэсыху ди дохутырхэр ящІыгъунущ.

АдэкІэ псалъэм къыпищащ КъБР-м и Дзэ комиссар подполковник Пахомов Дмитрий.

- «Урысей Федерацэм и цІыхуу дзэ къалэныр зыбгъэдэхуэхэм ящыщ Іыхьэ пыухыкІар мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм зэрыраджэм теухуауэ» УФ-м и Президент Путин Владимир и Указым ипкъ иткІэ япэщІыкІэ ираджэнухэм ящыщщ япэ категорие, япэ разряд зиІэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкІа е дзэм къыхэкІыжа цІыхухэу сэлэт-сержантхэу зи ныбжьыр илъэс 35-м щІимыгъуахэмрэ илъэс 40-м щІимыгъуа офицер нэхъыщІэхэмрэ, - къыхигъэщащ Пахомовым. - Си лэжьэгъум зэрыжиІащи, повесткэр къахуэкІуэнкІэ хъунущ дзэм къулыкъу щезыхьэкІыну къызытемыхуэ цІыхухэми икІи, пэж дыдэу, абыкІэ нэхъыбэу жэуап зыхьыр езыхэращ. Псалъэм папщІэ, цІыхум унагъуэ иухуами, бын къыхуалъхуами е и гъащІэ щытыкІэм социальнэ зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр къыщекІуэкІамэ, абы езыр-езыру къекІуалІэу и Іуэхур зытетым щыгъуазэ дищІыпхъэщ. КъекІуалІэрэ и щытыкІэм щыгъуазэ дищІмэ, комиссэм абы теухуауэ унафэ щхьэхуэ ищІынущ. Дэ къэрал законым къигъэув мардэхэм тету ди унафэхэр къыдощтэ икІи дэтхэнэ зы цІыхуми и щытыкІэр зэхэдмыгъэкІауэ дзэм къулыкъу щищІэну дгъакІуэркъым. Республикэм щыІэ дзэ комиссариатхэм щызэхуашэс цІыхухэр дзэ часть пыухыкІахэм трагуэшэнурэ абыхэм тхьэмахуитІкІэ щыхуагъэхьэзырынущ къулыкъу зэрырахьэкІынум. Дзэ частым щыхагъэхьа махуэм къыщыщІэдзауэ, ираджахэм ягъуэт Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм контракткІэ дзэ къулыкъур щезыхьэкІ дзэ къулыкъущІэхэм я статус. Ауэ дзэм ираджауэ абы щхьэусыгъуэншэу къэмыкІуалІэхэм яхуэгъэзауэ уголовнэ жэуаплыныгъэхэр щыІэщ.

Нэхъ зэпкърыхауэ мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм зэрыраджэм теухуауэ зыщывгъэгъуазэ хъунущ КъБР-м и Дзэ комиссариатым жэщ-махуэм къриубыдэу щылажьэ телефонымкІэ: 8 928 724 34 98.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм ящІэн папщІэ

2022 гъэм фокІадэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтынущ.

ЩыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэ.***

***Япэ гуп. ЕпщІанэ джэгугъуэ***

**«Спартак-Налшык» - СКА (Дон Іус Ростов).**

**Налшык. «Спартак» стадион.**

*ФокІадэм и 25.*

*Сыхьэт 15-м.*



● Фэеплъ

# Ахъмэтыр ягу къагъэкІыж

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Шэджэм, Бахъсэн, Аруан щІыналъэхэм я япэ секретару лэжьа Ахъмэт Мусэбий къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур Іэтауэ щагъэлъэпІащ Кэнжэ дэт «Пять колец» спорт ІуэхущІапІэм.**

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Ахъмэтым теухуауэ къигъэхьа тхыгъэм къеджащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафІэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. КІуэкІуэ Казбек и тхыгъэм итт Ахъмэтыр Хэку зауэшхуэм зэрыщыІар, взводым и командиру, офицеру зэрыщытар. Къэмылэнджэжу фашистхэм зэрезэуам и щыхьэтщ адыгэ щІалэм кърата «Вагъуэ плъыжь» орденыр, медалхэр. Абы къыщигъэзэжар 1947 гъэрщ. И адэжь щІыналъэм къызэрысыжуи лэжьапІэ кърагащ. ЯпэщІыкІэ комсомол Іуэхум пыщІауэ щытащ. Жыджэру зыкъэзыгъэлъэгъуа щІалэм иужькІэ къыхуагъэфэщащ парт ІэнатІи. Обкомым и инструктору, къудамэм и унафэщІу лэжьащ. И Іуэху зехьэкІэр къабыл зэращІам и нэщэнэу, 1952 гъэм абы и пщэ далъхьэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ къалэн: илъэс 30 фІэкІа и ныбжьыр мыхъуауэ, партым и Шэджэм, кІэлъыкІуэу Бахъсэн, итІанэ Аруан райкомхэм я япэ секретару зэрыщытар.

Ахъмэтым и цІэкІэ къызэрагъэпэща топджэгу зэхьэзэхуэмкІэ пащащ зэхыхьэм. Япэ увыпІэр къахьащ Налшык и «Спартак» клубым хэт ныбжьыщІэхэм. ЕтІуанэ хъуащ Налшык дэт топджэгу школым и гъэсэнхэр, ещанэщ Шэджэм къалэм къикІахэр. ЕплІанэр яубыдащ Нарткъалэ щыщ ныбжьыщІэхэм.



Ахъмэт Мусэбий и къуэрылъху Аслъэнбэч топ зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІа ныбжьыщІэ пщыкІухыр сом мин тІурытІкІэ игъэпэжащ.

ЗэІущІэм и кІэухым ягъэлъэгъуащ Ахъмэт Мусэбий и фэеплъу траха фильмыр.

Фильм нэужьым къэпсэлъащ Ахъмэт лъэпкъым я нэхъыжь Хьэбас. Ар тепсэлъыхьащ Мусэбий хэлъа хьэл-щэн дахэм, цІыхугъэм. Абы фІыщІэ яхуищІащ къызэхуэса псоми. ГъэщІэгъуэнт уедэІуэну Мусэбий фІы дыдэу зыцІыхуу щыта Тау Пщыкъан, ЛІуп Владимир, КІыщ Мухьэдин, Къэзанш Валерэ сымэ я гукъэкІыжхэр.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**

# Мы махуэхэм

### ФокІадэм и 24 *щэбэт*

✦**ЧэруанакІуэм и дунейпсо махуэщ**

✦**ТхьэкІумэкІыхьым и дунейпсо махуэщ**

✦**Къырым Республикэм и къэрал гербымрэ къэрал ныпымрэ я махуэщ**

✦**1863 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, уэрэджыІакІуэ, джэгуакІуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ.**

✦**1898 гъэм** къалъхуащ Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщІу, премьер-министру, Сенатым и Іэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид.**

✦**1948 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Семэн Руслан.**

✦**1961 гъэм** къалъхуащ тележурналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал къэрал ІуэхущІапІэм и унафэщІу щыта **Къардэн Аслъэн.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

### ФокІадэм и 25 *тхьэмахуэ*

✦**Фармацевтым и дунейпсо махуэщ**

✦**Дэгухэм я дунейпсо махуэщ**

✦**1934 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз ІуэхущІапІэхэм я япэ спартакиадэр.

✦**1941 гъэм** ВКП(б) и обкомым унафэ ищІащ уІэгъэ хъуа зауэлІхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ комитет къызэрагъэпэщыну.

✦**1915 гъэм** къалъхуащ АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ **Еутых Аскэр.**

✦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Іэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щІыхь зиІэ я артист **ПщыхьэщІэ Мухьэжыр.**

✦**1933 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакІуэ **Щэмырзэ Іэмырбий.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

### ФокІадэм и 26 *блыщхьэ*

✦**Ядернэ Іэщэр гъэкІуэдыжыпэным щІэбэныным и дунейпсо махуэщ.**

✦**НэгъуэщІ къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**

✦**Машинэухуэм и махуэщ**

✦**1793 гъэм** Краснодар къалэм (Бжьэдыгъукъалэ) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

✦**1941 гъэм** Налшык щекІуэкІащ республикэм и парт активым и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ цІыхухэр зауэ Іуэхухэм хуегъэджэным.

✦**1947 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм адыгэбзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Джэрыджэ Арсен.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**ЦІыхухъум и лІыгъэ, цІыхубзым и щэн.**

# ФIыгъуэ куэдым я лъабжьэ

Фэеплъ

***Нобэ хуэдэу си нэгу къыщIоувэж а цIыхубз лъагъугъуафIэр, зи нэгум зэпымычу нурыр къырих бзылъхугъэ гуапэр. Къыбгъэдыхьэхэм ящыгуфIыкIыу, къыхуаша сабийхэм IэплIэ гуапэ яришэкIрэ зрикъуэзылIэу япыкъуэкIырт а цIыху нэжэгужэр. Ар СэIимэтт. И унагъуэцIи жыIэн хуейтэкъым, и адэцIэкIи еджэн хуейтэкъым - и цIэр щыжаIэкIэ, гурыIуэгъуэ хъурт зи гугъу ящIыр хэтми. Адэанэхэм яхуэзэрымыгъэгъуэту къалъыхъуэр арат. «СэIимэт иригъэджащ» псалъитIым къаруушхуэ яIэт - абы иутIыпща сабийхэм еджэкIэ-тхэкIэ ящIэ къудейтэкъым, атIэ дэтхэнэми зэгъэзахуэрэ зэпэшачэрэ зиIэ цIыху цIыкIу къищIыкIырт, гупсысэкIэм хуэмыхамэу къэхъурт.***

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ ин зэрихьыр гукIи псэкIи зыхэзыщIэ егъэджакIуэ нэсым зы махуи щыгъупщакъым и анэм къыжриIа псалъэхэр: узыпэрыувэ IэнатIэр гугъу и гугъужщ, уэсым хуэдэу хужьу зигу цIыкIухэр итхьэщIыкIа сабийхэм плъапIэуи гугъапIэуи яIэнур уэращ - зэ къэбгъэпцIакъэ, етIуанэу дзыхь къыпхуащIыжынукъым. Ар къыбгурыIуэу Iуэхум упэрымыхьэмэ, иужь уимыхьэххэныр уэркIэ нэхъыфIщ. Анэм и псалъэр зэхимыщIыкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым СэIимэт - зэрысабийрэ зыщIэхъуэпсыр арат, тIэкIу Iэнкун ищIми, абы хуэхьэзыру зыкъилъытэжырт. Гуащэ щигъэджэгукIэ, кърикъуэтIысэкIрэ зыгуэрхэмкIэ яущие хуэдэу яхэсу, гъэсакIуэу зилъагъужу щытащ. И гум къехуэбылIэ Iуэхур IэщIагъэ щыхуэхъум, зы махуи хущIемыгъуэжу гуащIафIэу лэжьащ.

Си гум IэфIу къинэжа Щауэ Аскэрбий ипхъу Гъубжокъуэ СэIимэт си япэ егъэджакIуэщ. Си анэшхуэмрэ си анэмрэ я Iэпэр сIыгъыу курыт еджапIэм япэу сыщыдыхьам сызыбгъэдашари аращ. СэIимэт сызэрыпэщIэхуам щхьэкIэ сытым хуэдэу гуфIэрэт си анэшхуэр. ЩIэх-щIэхыурэ къызэплъэкIырти, къытригъэзэжурэ жиIэрт: «Иджы анищым уракъуэщ, мис мы цIыхубз дахэм жиIэм уедэIуэнущ, зэрыжиIэм хуэдэуи пщIэнущ, и псалъэми тIэужыIэ къыхэбгъэкIынукъым». Абдеж къыщежьэри, СэIимэт сызэреджари аращ: «мамэ СэIимэт». Абы сытезыгъэкIын къаруи щыIакъым, а япэу къызита гурыщIэри зыгъэупщIыIуа дэслъэгъуакъым. И ущиер иригъэджахэм сыт щыгъуи къытлъэIэсу, дыкъэзылъхуахэм яжедмыIэф гуэрхэр бгъэдэтлъхьэфрэ абыкIэ чэнджэщ къыдиту ныбжьэгъу щыпкъэу къыдбгъэдэтащ СэIимэт. «Мыхэр иджыри цIыкIущ» жиIэу шынагъэкIэ дызригъэдэIуэну хэтакъым, апхуэдизкIэ ди ныбжьми ди псалъэми пщIэ къыхуищIырт абыи.

Щауэ СэIимэт 1946 гъэм Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм къыщалъхуащ. Лэжьыгъэмрэ гуащIэдэкIымрэ пщIэ щиIэ адыгэ унагъуэм къыщыхъуа СэIимэт зэрыцIыкIурэ и пщэ къыдалъхьэ Iуэхум зыщимыдзейуэ, ар зыхуей хуэгъэзэным шыIэрэ ерыщагъэрэ хилъхьэу къэтэджащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэт абы и цIыкIущхьэр зыхиубыдари, зауэм зэхикъута псэукIэр зэрагъэпэщыжу цIыхур губгъуэм къимыкIыу итт. СэIимэти и адэ-анэр, Аскэрбийрэ Цацэрэ, апхуэдэ IэнатIэт зыIутри, гуныкъуэгъуэ яритакъым, зыгуэр къыгурыIуэ зэрыхъурэ защIигъакъуэу къекIуэкIащ. Я унагъуэшхуэм СэIимэт и пажэти, нэхъыщIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ анэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъурт, унагъуэр зехьэнкIи, пщэфIэнкIи, жьыщIэнкIи, цIыкIухэм я нэгу зегъэужьынкIи къытенэ щыIэтэкъым. СэIимэт и нэIэ тригъэт зэпытт анэкъилъху нэхъыщIэхэр зэреджэм - ауэ сытми унэ лэжьыгъэр ящIыж къудейкIэ арэзы хъуртэкъым, ар зэрызэхащIыкIамрэ къазэрыгурыIуамрэ мыхьэнэшхуэ иритырт. СэIимэт и анэкъилъху нэхъыщIэ Шурдым Лидэ куэдрэ игу къигъэкIыжырт, хъэтI иIэ хъуамэ, шыпхъум зэрифIыгъэр, апхуэдизкIэ хьэрф къэс къыхригъэгъэкIыу, ар мыхъуамэ, щIэрыщIэу щIригъэдзэжрэ дэтхэнэ дамыгъэри зэхуэдизрэ IуплъэгъуафIэ хъухукIэ иригъэтхыу игъэсати.

СэIимэт щытхъу пылъу еджащ, гъэсакIуэхэм я псалъэ тIэужыIэ имыщIэу игъэзэщIащ, дапщэщи и щIэныгъэм хигъэхъуэну иужь итащ. Хъыджэбз цIыкIур жыIэдаIуэт, пщэрылъ къыщащI Iуэхугъуэхэр жану зэфIихырт, ущIэупщIэжын хуэмейуэ щыщIэныгъэншэу ищIырт. ЕджапIэм икIыжу унагъуэкIэ щIэн хуейр зэфIигъэкIа нэужь, жэрыгъэкIэ къуажэ библиотекэм кIуэрт, зыхуэныкъуэ тхылъхэр къыIрихыну. Тхылъыр зи Iэпэгъу хъыджэбз цIыкIур а зы пIалъэм уэрамым къызэрытелъадэрауэ къыщIэкIынт, цIыхухэм «СэIимэт и къулъшыкъуэщIэ» жаIэ хъуат. ИпэжыпIэкIэ, къуажэдэс нэхъыжьхэм зыкъомрэ зэманыр апхуэдэ псалъэкIэ къалъытэу екIуэкIащ.

СэIимэт еянэ классыр къиухыу егъэджакIуэ IэщIагъэм хуеджэну и нэ къызэрыхуикIыр адэ-анэм щажриIэм, хъыджэбзым и гукъэкIыр даIыгъащ. НыбжьыщIэр Налшык къалэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру дэт училищэм щIэтIысхьэри, хъарзынэу щеджащ. Ар 1966 гъэм къыщиухым, нэгъуэщI щIыпIэ ямыгъакIуэу, щалъхуа къуажэм къаунэтIыжащ. Лэжьыгъэ имыгъуэтынкIэ гурыщхъуэ щыIэтэкъым. ЕджапIэ бжэщхьэIум зэребакъуэу псалъэ къыхэмыкIыу СэIимэт япхъуэтащ, лэжьэни щIидзащ. СэIимэт занщIэу класс псо дзыхь къыхуащIащ. Абы зэи щыгъупщакъым япэу зыдэлэжьа классыр, езы сабийхэми къагъэпэжащ. «Классым сыщIэбэкъуа нэужь, моуэ зымащIэкIэ сыкъызэтеувыIат. СызэрыIэнкуныр зыхищIауэ къыщIэкIынт, зы хъыджэбз цIыкIу къэтэджщ, къызбгъэдыхьэри IэплIэ къызишэкIащ. И цIэр къызжиIа нэужь, си Iэпэр иубыдри, си увыпIэм нэс сишэгъат... Абдежращ щызыхэсщIар сабийр цIыкIу къытщыхъурэ къыгурыIуэ щIагъуэ щымыIэу къызэрытфIэщIыр зэрыщыуагъэр. Уеблэмэ, куэд дыдэм ухуагъэсэжыну езы сабийхэр зэрыIущыцэр хьэкъ сщыхъуащ. Мопхуэдизу гуапэу зыкъызэзышэкIа сабийр зыщыIузмыгъэщтым, адрейхэри къызэщIэтаджэри, къызбгъэдыхьат. Си гур къызэфIэнами, сыкъызыхыхьахэр зэрысхуэмыутIыпщыжыфынур, сыту мыхъуми, сахэтыну сызэрыхуейр мафIэу си гущIэм къыщызэщIэнащ. Абы лъандэрэ сыегъэджакIуэщ, зы махуи сыхущIегъуэжакъым», - жиIэрт куэдрэ СэIимэт.

Зы щэн гъэщIэгъуэн хэлът абы - гупсэхугъуэ къуиту сыт щыгъуи нэфIэгуфIэт, зыкъыбдищIырт, езым и гугъу пщIыным унимыгъэсу уи Iуэху зыIутыр зригъащIэрт. «ЦIыхур мащIэ дыдэщ зыхуейр - и гум уехуэбылIэнырщ. Абы и гукъеуэм и нэхъыбэр щхьэщыпхыфынущ гуапагъэрэ щабагъэкIэ. Мастэми дэми унэмыс, хупыгуфIыкI къудей», - жиIэрейт, гуапэу къыпыдыхьэшхыкIыурэ. СэIимэт зыцIыхуауэ псэ зыIутым жиIэфынукъым ар зыгуэрым егуэуауэ, хуэмыфащэ ярипэсауэ. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейкъым хьэрф къитхъэкIэ зымыщIэ цIыкIухэр къэбгъэдэIуэн щхьэкIэ пхэлъын хуея шыIэныгъэр зыхуэдэр. Адэ-анэм анэмэт къыхуащIа сабийхэм я гур щIэныгъэм ета хъун папщIэ, и зэман еблэжакъым. Зэрыхуейм хуэдэу сабийм дерсхэр къемыхъулIамэ, еджэгъуэ нэужьым къигъанэрти, ар къыIурыпщIыкIыу жиIэху дэлажьэрт.

ПэщIэдзэ еджапIэм щIэс сабийхэм я ныбжькIэ дунейр яфIэщIэщыгъуэу, куэдым щIэупщIэу, сытри зрагъэщIэну хуейуэ щытщ. Ар къызыгурыIуэ СэIимэт сабийм и упщIэм зэи иригъэгъэзакъым, къызэпиудакъым, атIэ жэуап иритырти, апхуэдэу щIэупщIэн хуей щIэхъуар зригъащIэрт, сабийм и бзэр къригъэутIыпщырт. Арагъэнущ СэIимэт цIыкIухэм дунейр джэгукIэ яригъэцIыхуу, зыплъыхьакIуэ дишрэ псалъэрэ щапхъэкIэ абы щигъэгъуазэу щIыщытари.

Зэгуэрым унафэщIыр гие мащIэ хэлъу СэIимэт сабийхэр щIэх-щIэхыурэ классым зэрыщIишыр фIэмыфIу къепсэлъат. ЕгъэджакIуэми зэпIэзэрыту жэуап иритыжащ абы: «Сабийхэр махуэр зи кIыхьагъым пэшым щIэубыдауэ щIэбгъэскIэ, ебгъэщIэну узыхуей псоми ухунэмысынкIэ хъунущ. Сэ къыспэбубыдыр згъэзэщIэну сыщыхущIэкъукIэ, сабийхэм къыспаубыдри сыгъэгъэзащIэ. ЩIэныгъэм и мызакъуэу, зэхэщIыкIи ябгъэдэлъу къэгъэтэджын хуейщ цIыкIухэр». УнафэщIыр лъэныкъуэкIэ уври, псалъэ къыпимыдзыжу, Iэпэ зэрыIыгъкIэ кърэшэжьа сабий гупыр еджапIэм щIишащ. Зэман дэкIа нэужьщ СэIимэт и лэжьэкIэм кърикIуэ фIыр зыхуэдэр нахуэ щыхъуар. Щабэу икIи гуапэу псалъэрти, и жыIэм щыщу зыгуэр пIэщIэхункIэ утешыныхьу узригъэдаIуэрт. Езыр цIыху жанти, сабийхэм задищIми, езыхэм зыкъыдащIыну иужь итми къыпхуэмыщIэну дэни нэсырт. Абы иригъэджахэм къуажэм и кIуэцIкIэ дэнэ деж сыт хуэдэ Iуащхьэ щытми, сыт хуэдэ псынэ къыщыщIэжми, сыт хуэдэ къуэладжэ щыIэми ящIэу класс нэхъыжьхэм кIуэрт. Арат абы хуабжьу арэзы къищI егъэджакIуэ-гъэсакIуэ цIэрыIуэ Жылау Нурбий щIыжиIэр: «СэIимэт тхылъ псо ирокъу, къыщIигъэкI сабийхэри а тхылъым и напэкIуэцI хьэзырщ». Абы сабийм щIэныгъэ зэтеубыда яритыфырти, пщIэрэ фIэлIыкIрэ иIэт. Ар нэхъыжьхэм ялъагъурт, ар адэ-анэми фIы дыдэу зыхащIэрт.

Уи лэжьыгъэр зэрепхьэкI щIыкIэм арэзы утехъуэжмэ, ар щIагъуэкъым. IэнатIэр зэребгъэфIэкIуэным, сыт щыгъуи нэхъыфI зэрыпщIыным и гъуэгухэр зэбгъэпэщу щытын хуейщ, абы аркъудей шэч хэлъкъым. СэIимэт гумызагъэт, арэзыи зыщытехъуэжаи къыхэкIауэ фIэщ щIыгъуейщ. Абы и дерсхэр зылъэгъуам, пэж дыдэу, зыкъомрэ жиIэн имыгъуэтыжу къанэрт, апхуэдизкIэ щIэщыгъуагърэ IэмалкIэ ар гъэнщIати. СэIимэт махуэшхуэ гуэрым хухэха дерс игъэхьэзырыртэкъым, абы и махуэ къэсри хэхат. Нобэ уэршэрым тету дерсыр игъэпсынт, пщэдей а къауэршэрамкIэ зэригъэныкъуэкъужынт, иужькIэ къыхилъхьэнти, анэдэлъхубзэм, урысыбзэм е есэпым теухуа IуэхугъуэхэмкIэ зэпеуэ иригъэкIуэкIынт. ДунейхэгъуазэмкIэ СэIимэт зэригъэпэщу щыта дерсхэр иригъэджахэм нобэми ягу ихужыркъым. Къуажэ куэщIым ит щIыпIэхэр яригъэцIыхуу зэрыщытам ищIыIужкIэ, абы сабийхэр зытет дунейм епсалъэу игъасэрт. Пэж дыдэу! Бжьыхьэ хъуамэ, сабийхэр щIыбым къыщIишырти, жыг хадэ цIыкIум иришэрт, ихъуреягъкIэ къригъэтIысэкIырти, зэщIэдэIукIыну яжриIэрт. «ФыдаIуэт, мы дунеижьыр зэпсалъэр фэращ, абы и щIэжьыуэри и даущри щIыщыIэр фэращ. Уэшх къыщIешхри, уэс къыщIесри, дыгъэр къыщIепсри, жьыр къыщIепщэри фэращ. Нэхущым фыщIэтэджарэ, язызхэзым фрихьэлIамэ, сэлам ефх», - жиIэрт. Ди фIэщ хъум къыщынэртэкъым, дыкъэзыухъуреихь дунейм щекIуэкI а Iуэхугъуэхэр къыщIэхъур дэрауэ ди фIэщ хъупэрт. СэIимэт къытхилъхьа щэныр иригъэджахэм нобэми тхэлъщ - пщэдджыжьым дыкъызыхуэтэдж дунейм фIэхъус идохри, дызытеувэ щIым фIыщIэ худощI.

Лэжьэн щыщIидза махуэм къыщегъэжьауэ щIагъуэ дэмыкIыу щIыналъэми хэгъэгуми къикIыу хьэщIэхэр къыхуепсыхыу хуежьат. «УзэлIалIэр къолIэлIэж», жыхуаIэрати, СэIимэт иригъэджахэм абы и лэжьэкIэм и гугъур зэрылъахэу щаIуатэрт. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр къыхихыу университетым щIэтIысхьахэм мызэ-мытIэу къыжраIэрт, мыпхуэдэ хъэтI иIэу сабийр зыгъэсэфынур Щауэ - Гъубжокъуэ СэIимэт и закъуэщ, жаIэу. Сытым хуэдэу ущIэгушхуэнт ар езыр: уезыгъэджам и цIэр фIыкIэ кърaIуэу зэхэпхыну, а щытхъур егъэджакIуэм къыхуэзыхьхэм ящыщ ухъуну. ТхэкIэм апхуэдизкIэ зэманышхуэ тригъэкIуадэрт СэIимэти, хьэрфыр зэрыхуейм хуэдэу къэлъагъуэу дэфтэрым къыщыхагъэкIыу илъэгъуамэ, сабийм хуэдэу гуфIэрт. Тхэным къару тригъэкIуадэм хилъагъуэм цIыхухэр щыщIэупщIэкIэ, жэуапу яритыр иджыщ щIэныгъэм хьэкъыу щигъэувар: тхыгъэ дахэ къыхэзыгъэкI цIыхум и щэнри дахэщ, зэтеубыдащ, псыхьащ. Гугъу уемыхьу зыри къохъулIэнукъым - хъэтI дахэ зиIэм ар гугъу ехьурэ зригъэхъулIащи, ущыгугъи дзыхь хуэпщIи хъунущ. Мис апхуэдэу жыжьэ плъэ цIыхут СэIимэт.

Мы тхыгъэм еджэнухэм жаIэнкIэ хъунущ: дэтхэнэ егъэджакIуэри апхуэдэкъэ, гугъу зрагъэхьурэкъэ сабийхэм зэрадэлажьэр, жаIэу. Пэжщ. Ауэ СэIимэт хуэзэфIэкIам хуэдэ куэдым ялъэкIыну си щхьэкIэ си фIэщ хъуркъым. Щыхьэрым зэхуэсышхуэ щызэхуашэсри, «мыбы и гуащIэмрэ лъэкIымрэ ущыгугъ хъунущ» жыхуаIэ егъэджакIуэхэр абы ирагъэблэгъащ. Зэхуэсым щытепсэлъыхьырт пэщIэдзэ классхэм еджэныгъэр анэдэлъхубзэкIэ зэхэубла зэрыщыхъунум. ЩIэныгъэр къыдалъхуа бзэмкIэ сабийм бгъэдэлъхьэн, щIэблэр адыгэгу - хэкупсэу къэгъэтэджын хуейуэ жаIэу а махуэм къэпсэлъат нобэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ди хэгъэгум Iуэху щызыщIэхэм я нэхъыбэм ущиякIуэу яIа, методист Iэзэ КъуэщIысокъуэ Нурхьэлийрэ сабий усакIуэ Iэзэ Щоджэн Леонидрэ. Куэдым я гупсысэмрэ Iуэху еплъыкIэмрэ щыжаIащ абдеж, ауэ нэхъыбэм ар имыгъуэу къалъытэрт, зыкъомми, арэзы хъуми, таучэл ящIыртэкъым. Анэдэлъхубзэхэм хухах сыхьэт бжыгъэр кIэрачыну псалъэмакъ къекIуэкIхэм япкъ иткIэ екIуэкIа зы зэIущIэ гуэрым Щоджэн Леонид игу къигъэкIыжри, а зэхуэсым Щауэ - Гъубжокъуэ СэIимэт утыкум щыжиIахэр къыщиIуэтэжауэ щытыгъащ: «Мы зэхуэсышхуэм къекIуэлIахэм курыт еджапIэм анэдэлъхубзэкIэ зэгуэр щемыджа куэд къыфхэткъым. Сыт гуитIщхьитI фызыщIыр? Анэдэлъхубзэм хуэдэ къабзэу, урысыбзэкIи фыпсалъэркъэ, хамэбзэхэр зыщIэхэри къыфхэткъэ? Жылэм фи щIэныгъэм пщIэ къыхуащIу фылажьэркъэ? Сыт и анэм и бзэм фIэкIа нэгъуэщIыбзэ зэхэзымыха сабийм фэ вгъуэта Iэмалым хуэдэ иIэн щIыхуэмейр? Дэ къыджаIэр дгъэзащIэу долажьэ, сыт хуэдэ IэнатIэ драмыгъэувалIэми, сабийм еджэкIэрэ тхэкIэрэ едгъэщIэнущ. ГупсысэкIэ зыщIэ, Iуэху щIэкIэм хуэIэижь, дунейм и пIалъэм щыгъуазэ щIэблэ дгъэсэну хьэкъ диIэщ. Сабийм и зэхэщIыкIым нэхъ зыщиужьыр зэрыгупсысэ бзэм удын тумылъхьэу удэлажьэу щытмэщ. Ар нэхъ тыншу къыдэхъулIэнтэкъэ, ныбжьыщIэ цIыкIур зэрыпсалъэ бзэмкIэ Iуэху дэтщIэу щытамэ? Хьэмэрэ урыс тхакIуэ Паустовский Константин сабийм и анэдэлъхубзэмкIэщ щIэныгъэ бгъэдэлъхьэн зэрыхуейр жыхуиIар лъэпкъышхуэм и щIэблэм и закъуэ? Зи жэуап дыщыгъуазэ упщIэ защIэу зэIылъщ мы Iуэхури, кIыхь зезмыгъэщIу сфIэигъуэр жысIэнщи, сэ сыхьэзырщ сабийхэр анэдэлъхубзэкIэ езгъэджэну».



Нэхъыжьхэм къыхужаIа псалъэ дахэхэр щыжесIэжым, СэIимэт къыхигъэщат тхылъ ятхыу, адыгэбзэ Iуэху зэрахуэу а махуэм екIуэлIахэм, Нурхьэлийрэ Леонидрэ хэгъэкIауэ, зы цIыху утыкум ихьэу зэрымыпсэлъар... «Лъэпкъ интеллигенцэр а лъэхъэнэм зыч-зы бжэгъуу зэкъуэуватэмэ, еджэныгъэр анэдэлъхубзэкIэ пэщIэдзэ классым щызэтеублэныр «гъэунэхуныгъэм» къызэрыщымыувыIэнур, адыгэбзэм и пщIэми лъагэу зэрызиIэтынур, абы «къепщэфыIи» зэрыщымыIэнур», - жиIэрт СэIимэт.

ЗэIущIэм къикIыжа нэужь, пэщIэдзэ еджапIэр адыгэбзэм зэрытехьэнум зыхуигъэхьэзыру хуежьащ СэIимэт. АдыгэбзэмкIэ, есэпымкIэ, дунейхэгъуазэмкIэ кърата тхылъхэм фIэкIа зэрылэжьэн программи, методикэ чэнджэщи зимыIэ егъэджакIуэхэр вакъэ зэв ихуат. Сыт щыгъуи Iуэхум жану пэрыхьэ егъэджакIуэм щытыкIэ гугъум зрыригъэщIыкIакъым. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьхэр зэхыхьэри, гъэ еджэгъуэщIэр щIимыдзэж щIыкIэ дерс псомкIи зэрылэжьэну программэхэри, методикэ чэнджэщхэри, сабийхэм зрагъэгъуэта щIэныгъэр зэрагъэунэху лэжьыгъэхэри зэхалъхьауэ щытащ. А гупым пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэхагъэува программэхэращ пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэм тезыша еджапIэхэр къанэ щымыIэу зэрылэжьар, иужькIэ щIыналъэ икIи щыхьэр методистхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа программэхэм тегъэщIапIэ ящIыжар... СэIимэт и лэжьыгъэм кърикIуар зы щапхъэ закъуэкIэ щIэзгъэбыдэну сыхуейт - еджэныгъэр анэдэлъхубзэм тещIыхьауэ зыдэлэжьа сабийхэр щIыналъэм щекIуэкI зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ сыт щыгъуи щытекIуэрт, япэ икIи етIуанэ увыпIэхэр къыщахьырт. Апхуэдэу абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзымыгъэгъуэта куэд яхэткъым.

ЕджапIэм и лэжьыгъэм и лъабжьэр щагъэтIылъыр пэщIэдзэ классхэращ. СэIимэт и гур етауэ лэжьыгъэр нэсу зэриухуэм къыхэкIыу, класс нэхъыжьхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм фIыщIэ къыхуащIырт. «СэIимэт иригъэджамэ, дэ дыщыщIэпщэжын щыIэкъым», - жаIэрт абыхэм.

СэIимэт илъэс 50-м нэблагъэкIэ щылэжьащ курыт еджапIэм. Зы махуэ закъуи и гуащIэ еблэжакъым ар, къыхуэкIуэ сабийхэр игъэгушхуэрэ щIэныгъэм къыгуаускъыкIым щыгуфIыкIыу лэжьащ. И IэнатIэм пэжу зэрыбгъэдэтым папщIэ лэжьакIуэфIхэм ират фIыщIэ тхылъхэм хуэдэ абы къритакъым къэралым. Апхуэдэ гулъытэм игъэгушхуэну щытами, СэIимэт ар нэхъапэу зэи ибжакъым - абы цIыхубэм къыхуащI пщIэр куэдкIэ нэхъ лъапIэт... И гуащIэдэкIым кърит гукъыдэжымрэ сабийхэм къыхуаIэ лъагъуныгъэмрэ ягъэбжьыфIэу псэуащ СэIимэт.

ИутIыпща сабийхэм я Iуэху зыIут щызримыгъащIэ, щащIэмыупщIэ зэи къэхъуакъым. Сытым хуэдэу гушхуэрат ар, и гъэсэнхэм я хъыбар дахэкIэ къэIумэ. ЕджапIэм дыкъыщыщIэкI махуэм утыкум къихьэу гъуэгутехьэ псалъэ къыджезыIэжа СэIимэт абдежми и IэщIагъэм щыхуэпэжт: «ФIыгъуэ псори къызызыхэкIыр хьилымырщ, цIыкIухэ, жызыIар ди нэхъыжьыфIырт. А гупсысэм къыхуэкIуа нэхъыжьыфIым и цIэр уахътыншэ хъуащ, фэри абы фыхущIэкъу! АбыкIэ къэплъэщаращ пщIэ зиIэри, фи щIэныгъэм хэвгъахъуэ, фыкъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и цIэри фIыкIэ къревгъаIуэ, сэ сыфхуэарэзыщ, Тхьэм гъуэгу дахэ къывит!..»

Илъэситхум щIигъуащ СэIимэт къызэрытхэмытыжрэ, ауэ ар иригъэджахэм тщыгъупщэркъым. Абы къытхилъхьа хуабагъыр ноби зыхыдощIэ, къыдбгъэдилъхьа фIыгъуэ псом щхьэкIи фIыщIэ худощI. Дэри дыхуэарэзыщ, здэкIуэжа дуней пэжым тыншыпIэ щигъуэтыну дыхуолъаIуэ, зи цIэ куэдрэ къриIуэу щыта узэщIакIуэм хуэдэу, и цIэри фэеплъри уахътыншэщ.

**ТАБЫЩ Мурат**.



# Чегет укъеплъыхмэ

Чегет бгыр Кавказ къуршхэм ящыщщ. Абы утету Iуащхьэмахуэ уеплъмэ, теплъэ телъыджэ нэгум къыщIоувэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ укIуамэ, Iэмал имыIэу Чегет бгым удэкIуеин хуейуэ къалъытэ. Чегет и щыгум сыхьэт 11 мыхъуу удэкIуеймэ, пшэхэр къытримыхуэ щIыкIэ, Iуащхьэмахуи, Терскол къуажэри щыболъагъу, Бахъсэн аузми удоплъэ.

Абы Iуащхьитl иIэщ: метр 3767-рэ, 3460-рэ я лъагагъыу. Ар Терскол къуажэм зы километркIэ пэжыжьэу аращ. ЗыплъыхьакIуэхэм мы щIыпIэ дахэр фIыуэ ялъагъу. Гъэмахуэм Чегет и лъапэр губгъуэ щхъуантIэщ, хуабэщ, ауэ и щыгум уэсыр жьым щызэрехьэ. Хьэлэмэтракъэ, уэс зытелъ щIыпIэхэм щыболъагъу жьым къихьа хьэндырабгъуэ жьгъей цIыкIухэр. Метр 2500 - 3000-кIэ удэкIуеймэ, ущрихьэлIэнкIэ хъунущ губгъуэ щхъуантIэхэм уэсыр ятелъу. Сыт хуэдэ бгылъэ щIыпIэми ещхьу, лъэгум уэздыгъейхэр къыщокI, тIэкIу удэкIуеймэ, губгъуэ щхъуантIэщ - санэ, зэрыджэ, мамкъут, нэгъуэщIхэри къыщокI, нэхъ ищхьэкIэ - къырщ.

УщыщэкIуэну хуит узэрамыщIым къыхэкIыу, мыбы псэущхьэхэм хуиту къыщакIухь. Джабэм утету плъагъунущ къурш бжэн, шыкъулътыр. А щIыпIэхэм щопсэу былътырыкуи, бажи, дзыдзи, уашхи. Апхуэдэу уэгум щоуфэразэ къуршыбгъэхэр, бгъэпщэпцIанэхэр, къашыргъэхэр.

Бгы джабэм къежэх Бахъсэн хэхуэж псы цIыкIум бдзэжьей къуэлэн хэсщ. КъэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщокI мы щIыпIэм – къазмакъ, бэрэтIинагъуэ, шейтIанIущхьэ, хьэцыбанэ.

Мыл ткIуахэм къагъэхъуауэ бгы джабэм ущрохьэлIэ гъуэжьыфэ къызыщIэлъадэ гуэл удзыфэ, и хъуреягъкIэ шэду убгъэдэмыхьэфу.

ЛыжэкIэ укъежэхыну дуней псом щынэхъ джабэ гугъухэм ящыщ зыуэ ябж Чегет. Абы къежэхыпIэ гъуэгу 15 иIэщ, ауэ задэщ, шынагъуэщи, спортсмен нэхъ Iэзэхэращ я закъуэу къежэхыну тегушхуэр. Ауэ щIымахуи гъэмахуи зыплъыхьакIуэхэр щыкуэдщ, щIыпIэм и дахагъым цIыхухэр зыIэпешэри.

Бгым метр 2700-кIэ удэкIуеймэ, урохьэлIэ «Ай» («Мазэ») шхапIэм. Ар 1960 гъэм ящIауэ щытащ, и хъуреягъкIэ абджу, хуиту зуплъыхьыфын папщIэ. ЦIыхухэр абы «Визбор и шхапIэкIэ» йоджэ. Абы пэмыжыжьэу щыт хьэщIэщым Визбор Юрий къыщыувыIэрт, шхапIэми куэдрэ щалъагъурт, гум имыху и сатырхэр щитхыу. «Обед с видом на Эльбрус» фильмыр щытрахари мыбдежщ.

60 гъэхэм Высоцкий Владимир зыхэт «Вертикаль» фильмыр щытрахари мы щIыпIэм и Iэгъуэблагъэрщ. «Ай» шхапIэм фIэфIу куэдрэ щыIауэ жаIэж.

Совет Союзым и япэ кIапсэ гъуэгур Чегет бгым щаухуащ 1963 гъэм, метр 1600-рэ и кIыхьагъыу. Ар нобэр къыздэсым мэлажьэ. Абы иужькIэ бгы лъапэм зыгъэпсэхупIэхэр щащIащ. Илъэсищ дэкIри, «Чегет-2» етIуанэ кIапсэ гъуэгур яукъуэдиящ, 1966 гъэм СССР-м и щIымахуэ спартакиадэр щекIуэкIащ. Чегет бгы-лыжэ гъуэгур зыухуа Анисимов Юрий вертолёткIэ бгым и щыгум ихьэрти, лыжэкIэ бгым къежэхырт, щIыпIэр тэмэму зригъэцIыхун папщIэ. 1975 гъэм Чегет бгым щекIуэкIауэ щытащ СССР-м и профсоюзхэм я щIымахуэ спартакиадэр.

**БИЦУ Жаннэ.**



# Хьэнцэгуащэ

**Хьэнцэгуащэ къешэкIыныр ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыддогъуэгурыкIуэ хабзэ дахэхэм ящыщу. Ар уэгъу хъумэ, мазэ бжыгъэкIэ уэшх къемышхмэ, Хьэнцэгуащэ ящIырти къырашэкIырт, иужькIэ тхьэлъэIу тращIыхьыжырти, хьэблэ щIалэгъуалэр, нысащIэхэр Алыхьталэм елъэIурт, уэшх къешхынымкIэ къыдэIэпыкъуну.**



ХЬЭНЦЭГУАЩЭР пщIыным нэхъ тынш щыIэтэкъым. КъызыхащIыкIыр пхъэ къуэрагъитIт, мыхьэлъэ Iейуэ. КIыхьыр цIыхум и лъагагъым хуэдизу, кIэщIыр кIыхьым и зэхуэдитI хъууэ ягъэхьэзырырти, зэпрыуурэ траукIэрт. И теплъэр цIыхубзым ещхьын хуейт. Абы папщIэ пхъэ зэфIэбдзам цIыхубз бостей кIыхьышхуэ щатIагъэрти, хъыдан Iуву зэшыхьэкIа «и щхьэм» IэлъэщI тралъхьэжырт.

Хьэнцэгуащэр хьэзыр хъуа иужькIэ, «Хьэнцэгуащэ зыдошэрэ, Хьэнцэгуащэ махуэ, ялыхь уэшх къегъэщэщэх» уэрэдым хуэдэу жаIэурэ хьэблэ-хьэблэкIэ къырашэкIырт. Абы цIыхубз хагъэхьэртэкъым (къекIуртэкъым). Ар езыгъэкIуэкIыр щIалэгъуалэхэр арат. ПхужыIэнтэкъым абы сабийуэ къызэщIикъуэр. КъызэщIикъуэнтэкъэ, абы и ужькIэ къыхахамкIэ тхьэлъэIушхуэ ящIырти, цIыкIухэр ягъатхъэрт, дин лэжьакIуэ (духьэшы) нэхъыжь къырагъэблагъэрти, тхьэ елъэIурт, зэчыр жаIэрт. Ар къуажэм зылъащIысырти, тхьэлъэIушхуэм хуэкIуэжырт. Хьэнцэгуащэм и «IитIыр» щIалитIым зырызу яIыгът. Ар къезышэкI цIыхухъуитIым фIэкIа къэмынэу, адрей ягъусэхэм пэгункIэ псы яIыгът, хэт къахуэзэми ягъэпскIыну хьэзыру. Унагъуэхэм Iухьэурэ жылэр къызэхакIухьырт. А унагъуэм щыщ псы пэгун иIыгъыу къыщIэкIынурэ, «ущ» жиIэу хьэнцэгуащэми къезышэкIхэми ятрикIэнут. ИужькIэ ахъшэ «кассирым» иритынут, джэдмэ, фIагъэжырти, бжэгъу кIыхьышхуэ яIыгъым фIадзэжырт.

Хьэнцэгуащэр къыщрашэкIкIэ гъуэгурыкIуэм тету хэт хуэзами ягъэпскIырт, дахэу хуэпами. А ягъэпскIам ахъшэ къуитын хуейт. ИмыIыгъмэ, зэрыкIуэжу къигъуэту Хьэнцэгуащэр къезышэкIхэм къахуихьыжыну къалэн щащIырт.

Илъэс хыщIкIэ узэIэбэкIыжмэ, сэ сыщыпсэу ди хьэблэм къетшэкIар пхъэм къыхэщIыкIа къызэрыгуэкI Хьэнцэгуащэтэкъым. Ар иджыри къэс къуажэдэсхэм ящымыгъупщэжауэ, яфIэгъэщIэгъуэну куэдрэ и гугъу ящIыж.

А илъэсым пхужымыIэну хуабэ хъури, мазитIым щIигъукIэ уэшх ткIуэпс къешхатэкъым. «Псы къежэххэр имыгъущыкIарэт» жаIэу псори гузавэрт. Бахъсэныпсри гъэмахуэм, зэрыжаIэу, нэри пэри зыхьу щытар, уебэкъуэфыну цIыкIу хъуат.

Къуажэдэсхэми колхозми хаса къэкIыгъэхэр гъуэлэжу щIидзат. Псори гъей хъункIэ шынэу, ящIэнур ямыщIэу гузэвэгъуэм хэтт. Сэ абы щыгъуэ епщIанэ классым сыщеджэрт.

Гузэвэгъуэ дыдэт. Сэ зи гугъу фхуэсщIыну Хьэнцэгуащэ тхьэлъэIум хуэдэ ящIын дэнэ къэна, зыми и гум къэкIатэкъым. Си фIэщ хъуркъым абы щыгъуэ Ислъэмей къуажэшхуэм цIыху щIагъуэ къыдэнауэ, абы къримыхьэлIэу.

- ЩIалэгъуалэр фызэхуэси, Хьэнцэгуащэ къефшэкI, тхьэ фелъэIу, зэчыр жыфIэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым, Алыхьталэм фыщыгугъ, - къыджиIащ ефэндыуэ лажьэ ди адэм.

Хьэнцэгуащэ тщIыну хьэблэ щIалэгъуалэ зытхух дызэхуэсащ. Шыбзыхъуэ Жэбагъ, си къуэш Аслъэнбий, Шыгъэлыгъуэхэ Хьэсенрэ Суфянрэ, Лъэкъущохэ Ильясрэ Хьэчимрэ, Чэрим, нэгъуэщIхэри. (Абыхэм ящыщу плIыр псэужкъым, я ахърэтыр нэху хъуауэ Алыхьым жиIэ). Къэджыхьри, пхъэ къуэрагъ тэмэм дгъуэтакъым. КъытпэщIэхуэхэр цIынэ зэфэзэщт, хьэлъэ хъужауэ, къыпхуемыхьэкIыну, е арэфым хуэдэу къуаншэт. Хьэнцэгуащэ тщIын дгъуэтакъым, сыт хуэдизрэ дымылъыхъуами. Щымыхъужым, гъусэ къытхуэхъуа, ди нэхъыжь Жэбагъ дызэмыжьа псалъэкIэ зыкъытхуегъазэ: «Ей-й-й, сыт фызэлIалIэр. ЦIыхубз хъэлат кIыхьыжь гуэррэ зы IэлъэщIыжьрэ къэвгъуэти, сэ сыфхуапэ. Аракъэ хьэнцэгуащэ жыхуаIэр? Си IитIыр фубыди, фынеуэ».

- Уэлэхьи фIы дыдэу къэбгупсысам ар, хъарзынэ гуэрщ, - жытIэри дыкъэгуфIауэ зэгъусэхэр псори арэзы дыхъуащ.

Куэдрэт ар - къэдгъуэта цIыхубз хъэлатыжьыр Жэбагъ щыдотIагъэ, IэлъэщI къуэлэнышхуэ тыдолъхьэри, и IитIыр тIыгъыу хьэблэм дыкъыдохьэ, щIалэгъуалэ зыхыблыр, «Хьэнцэгуащэ зыдошэрэ, Хьэнцэгуащэ махуэ, Ялыхь уэшх къегъэщэщэх» жытIэу, дунеижьыр ткъутэрэ хьэблэдэсхэм закъедгъащIэу. Ди ужьым итщ пхъэ къуэрагъ кIыхь зыIыгъ щIалитI, джэд къыдатхэр зыфIадзэнур хьэзыру яIыгъыу. Кассири диIэщ.

- Уа, феплъыт мыбыхэм Хьэнцэгуащэ ящIауэ къырашэкIым! Феплъыт, феплъыIуэт абы. Жэбагъщ ар, - жаIэ унэм къызэрыдэхыу дыкъэзылъагъухэм.

- Япэм Хьэнцэгуащэр къырахьэкIыу щытамэ, иджы езым къекIухь.

Зы хьэблэ къэдухатэкъым лъапцIэрышэу, псы тезыкIэнум щхьэкIэ зэныкъуэкъухэу, дунейр яхуримыкъуу бжыгъэншэу цIыхухэр хьэблэм дэз щыхъуам. Ди ужьым къиува цIыкIухэр бжыгъэншэщи, къыпхуэбжынкъым зыхуэдизыр. Еуэ псы къыттракIэ, джэд, ахъшэ къыдат.

ЦIыкIухэр апхуэдизкIэ куэд хъуащи, ипэ дитыну къытлъагъэсыжыркъым, бжьыпэр яубыдащ. Зэхэвэ-зэхэжьэ мыхъуу, а цIыкIухэм Хьэнцэгуащэ уэрэдыр къыддаIыгъ. Уеблэмэ, къытхуэзэхэр гъэпскIынымкIэ къыддоIэпыкъу.

Ди мурадыр къыддаIыгъ хьэблэ нысащIэ зыбжанэм, езыр-езыру псыхэлъафэ ящI. Ди хьэблэр къыдоухри, нэгъуэщI хьэблэ докIуэ. ИгъащIэм Хьэнцэгуащэ яхуапэрэ къырашэкIыу ялъэгъуакъыми, псоми ягъэщIагъуэу гъусэ къытхуохъу. Апхуэдэу Ислъэмей къуажэшхуэм дызэлъащIысащ, зыщиубгъуащ.

Шэджагъуэ нэужьым зыдогъэкъэбзэж, щыгъын тэмэм щыдотIэгъэжри, Шыгъэлыгъуэхэ я деж псори дыщызэхуосыж. НысащIэхэр къокIуалIэ, ерыскъы зэрагъэхьэзырынум хуэдэу псори яIыгъыу. ЛэгъупыIэмпIэхэр зэфIадзэ, стIолхэр кIыхьу ягъэув. ЦIыкIухэр куэду къызэхуэсащ. Дин лэжьакIуэ зыбжани къетшэлIащ. Зэчыр жыIэныр тIэкIу зэпыдгъэуауэ куэбжэмкIэ дыплъэмэ, долъагъу зэрымыщIагъэкIэ зи унэ дыблэкIа, ди гъунэгъу ХьэцIыкIу Нафилэ мыгъуэр, джэдышхуэ иIыгъыу къыдыхьауэ. Къыдбгъэдохьэри, мыпхуэдэу къыдеудэкI абы, дигъэкъуаншэу: «ЛIо ди деж фынымщIыдэмыхьар, сэ адрейхэм нэхърэ сынэхъ тхьэмыщкIэ фи гугъэрэ?»

ПщэфIэныр зэфIэкIыху, псори тхьэ долъэIу, зэчыр жыдоIэ. Апхуэдэу зэман докIри, псори ягъашхэ.

ТхьэлъэIур духыным куэд хуеижтэкъым, дунейм зыкъызэщIищIэу уэшхышхуэм къыщыщIидзам. Псыхьэлыгъуэшхуэ ежэхыу щIидзащ. Къешхащ, щIыр ирикъуа дэнэ къэна, щIигъужауэ.

Сэ сощIэж, дапщэрэ Хьэнцэгуащэ къетшэкIами, уэшхышхуэ къемышхыу къэнакъым зэи. Алыхьталэм и къарур инщ, уелъэIумэ, къыпхуищIэнущ, ар си закъуэу къыщIэкIынукъым зи фIэщ хъур. Алыхьышхуэр сыт щыгъуи уи гум илъмэ, абы и пащхьэ жэуап зэрыщыптыжынур уи фIэщ хъумэ, къыпхуищIэнущ ущIелъэIур, гущIэгъуншэкъым. Щапхъэхэр куэд мэхъу.

**КЪАРДЭН Мухьэмэд.**

# Хьэтхэмрэ адыгэ-абазэ лъэпкъхэмрэ я зы лъабжьэр

● Тхыдэ

**Пасэрей Азие ЦIыкIум зэкIэлъхьэужьу къэралыгъуитI щыIащ. ТIуми зэхуэдэу зы цIэщ зэрахьар - ХьэтитI (Хатти). А къэралыгъуитIым щыпсэуахэр бзэкIи, хабзэкIи, щэнкIи, теплъэкIи зэтехуэххэртэкъым. Дэ жыдоIэ хьэтхэм дакъытехъукIауэ. Ауэ ди адэжь хъужыр хэт ХьэтитIым щыпсэуа лъэпкъитIым ящыщу? Мис ар зэхэгъэкIыпхъэщ, ди къэкIуэнум и тхыдэр зэхимыгъэзэрыхьын папщIэ.**



ДАУИ, а къэралыгъуитIым я зыр нэхъыжьыIуэт, етIуанэр зэрыпхъуакIуэу къитIысхьат. ЩIэныгъэм къызэрихутащи, Азие ЦIыкIум япэ дыдэу итIысхьар хьэтхэрщ (хатты жыхуэтIэр). Ахэр а щIыпIэм илъэс мин бжыгъэкIэ исауэ, зыщаужьауэ индоевропеибзэкIэ псалъэ лъэпкъ гуэр (иужьыIуэкIэ хетты зыфIащар) Балкан хытIыгуныкъуэмкIэ икIри, ХьэтитIыр иубыдащ.

Хьэтхэм дакъызэрытехъукIам и хъыбар IуэрыIуатэкIэ ди деж къэсыжа мыхъумэ, абы щыхьэт техъуэу зы тхыгъи дунейм къытенакъым, а зэманым абыхэм тхыбзэ ямыIэу зэрыщытам къыхэкIкIэ. ЦIыхум гъущIынэтхыр къигупсыса нэужьщ и тхыдэр итхыж щыхъуар. ГъущIынэтхыр къагъэсэбэпу щытащ лъэпкъыжьхэу аккадхэм, шумерхэм, хеттхэм. Абыхэм къызэранэкIа тхыгъэхэми хэтщ зыми емыщхь бзэ гуэркIэ тхауэ псалъи 150-рэ. Хеттологхэмрэ бзэр зыджхэмрэ я акъыл зэхэдзэкIэ къахутащ а псалъэхэр пасэрей хьэтыбзэм щыщу. Мис а псалъи 150-рщ адыгэ-абазэ лъэпкъхэр хьэтхэм къазэрытехъукIам, ахэр зы бзэкIэ псалъэу зэрыщытам и щыхьэту нобэкIэ диIэр. Бзэм нэхъ щыхьэти, дэфтэр нэхъыщхьи ухуейкъым. КъызэрыщIэкIымкIи, япэ цивилизацэу ябж шумерхэмрэ аккадхэмрэ я нэхъапэж щыIащ адыгэ-абазэбзэм ирипсалъэу щыта хьэтхэр!

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, хетт зэрыпхъуакIуэхэм ХьэтитIыр яубыду къахэтIысхьэжами, игъащIэ лъандэрэ къэралыгъуэм иса хьэтыжьхэм я хабзэри, щэнри, щыIэкIэ-псэукIэри, къалэцIэхэри, къэралыгъуэм и цIэри къащтат, я бзэри зэуэ ямыгъэкIуэдыжу лъэхъэнэ гуэркIи кърахьэкIащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ассимиляцэ жыхуэтIэу узыхьэхуа лъэпкъым хэшыпсыхьыжыныр я натIэ хъуащ хьэтхэми. Хьэтхэр занщIэу кIуэдакъым, зэтраукIакъым, бзэхыжакъым, атIэ хеттхэм яхэгъуэщыхьыжауэ аращ.

Хеттыбзэм къыхэнэжа хьэт псалъэхэм дежкIэ къэдгъэзэжынщи, лъахэхутэ цIэрыIуэ Осташкэ Андрей зэритхымкIэ, «...къэралыгъуэм и цIэм и тхыдэр зэрыщыту къеIуатэ. ХьэтитI, жи... Хьэт ТIу. Ауэ щыхъукIэ, япэ Хьэтри щыIащ. Абы теухуауэ канад къэхутакIуэ Фессенден Обри Реджинальд иджыри 1920 гъэм итхауэ щытащ цIыхур жэзым ирилэжьэн щыщIидза лъэхъэнэм ирихьэлIэу япэ дыдэ къэралыгъуэр Кавказым щаухуауэ зэрыщытар, хьэтхэр Кавказым икIыу дунейм зэрызытраубгъуар, Азие ЦIыкIум щыIа ХьэтитIри абыхэм я IэдакъэщIэкIыу зэрыщытыр. А япэу Кавказым щаухуа къэралыгъуэр иджырей Нартсанэрэ Псыхуабэрэ я зэхуакум деж щытауэ хузогъэфащэ, и цIэу щытари ХьэсаIутщ. Хьэ гъэса зыIут жыхуиIэу. Къэралыгъуэр ин къызэрыгъэхъуагъэнущ, къуршым адрыщI щIыналъэшхуэ зэрыщыIэри къахута нэужь, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2400 гъэхэм ирихьэлIэу цIыхухъухэр куэду икIащ хэкум. Къуршым, хым адрыщI къэралыгъуэ къыщызэрагъэпэщу, щIым зытраубгъуэну хуейуэ. Апхуэдэуи хъуащ. Азие ЦIыкIум къэралыгъуэщIэ щаухуэри, я хэкужьым и цIэм ещхьу, ауэ ЕтIуанэ Хьэт жыхуиIэу, ХьэтитI, къалащхьэм ХьэтIусэ (Хьэт ТIур здэщыс жыхуиIэу) фIащащ. Хьэтхэм я щIыналъэмрэ цIыхухъухэмрэ я нэхъыбэр хы адрыщI къыщыщыхутэм, Кавказым щыIэ Хьэтыр Хьэтыжь хъуащ, Хэкужь жыхуаIэу. ЦIыхухъухэр мащIэ хъууэ цIыхубзхэр нэхъыбэу къыщызэхэнэм, захъумэжын папщIэ, Кавказым нэрыбгейхэр къыщыунэхуащ, амазонкэ жыхуэтIэ фызшухэр. Ауэ щыхъукIи, Хьэтыжьым гуащэм унафэр щиIыгъыу, ХьэтитIымкIэ пащтыхьым къэралыр щызригъакIуэу, диархие жыхуаIэ политикэ Iуэху зехьэкIэр яхэлъащ хьэтхэм. Ауэрэ, Азие ЦIыкIумкIэ щыIэ хьэтхэм я бжыгъэм кIэрагъэхуащ зауэ бжыгъэншэхэм, къэнэжар къэунэхуа ащыр лъэпкъымрэ хетт зэрыпхъуакIуэхэмрэ яхэкIуэдэжащ, Хэкужьым къыщына хьэтхэр къызэтенащ, я бзэри, я хабзэри, щэнри яхъумэжащ. Ахэр нобэм къэса абазэ-адыгэу тцIыху лъэпкъхэрщ.

Япэ Хьэтыр Кавказым щаухуэу и тхыдэм къыщыщIидзар ди лъэхъэнэм ипэкIэ 4202 гъэрщ. 2022 гъэм гъатхэпэм и 22-м адыгэм и тхыдэр къызэрибжрэ илъэс 6224-рэ мэхъу».

ЩIэныгъэлI гуп (Брайс Тревор, Кассиан Алексей, Суперанская Александрэ, Ардзинбэ Владислав, нэгъуэщIхэри) зэдэарэзыуэ къащтащ адыгэ-абазэ лъэпкъхэр зэрыпсалъэ бзэмрэ пасэрей хьэтыбзэмрэ зыуэ зэрыщытыр. ГъущIынэтхым къыхэщыж псалъи 150-м я нэхъыбэр тхьэхэм, пщыхэм я цIэщ, щIыпIэцIэщ, щыIэцIэщ. А псалъэхэр макъ дэкIуашэу 12-рэ (м, п, н, т, ш, з, к, х, л, р, в, ж) макъзешэу 4-рэ (а (э), и, у, е) жиIэу зэхэтщ. А псалъэхэм лъабжьэ яхуэхъуа дыдэхэм къытехъукIыжауэ адыгэбзэми абазэбзэми псалъэ куэд хэтщ. Уеблэмэ абазэм яIэж псынщIэрыпсалъэ, «Хьэт къэралыгъуэм кIуащ» жиIэу къыхэщыжу:

ЪахIы-ъахIы ! Ауи дзачIвыйа? ЦIаракIвыжв сакIвпI Уабаъаз? ХIатты саъан Йудрыфйа? Тшибгъабаста. Схъвы абау? АцIла йхъапI АцIла абау? АгврыхIа йпнакъытI АгврытхIа абау? АлгъачI йабылтI АлгъачI абау? Адзы йарычвтI Адзы абау? Ала йажвтI. Ала абау? Дон йцатI!

Апхуэдэу, адыгэбзэми хэтщ «хьэт» псалъэ лъабжьэ зыхуэхъуа куэд: Хьэтыкъуэ, Хьэтэжьыкъуэ, Хьэтыгу, Хьэтыжь, ХьэтIэхъущыкъуей, нэгъуэщIхэри. IуэрыIуатэм бжьэдыгъубзэкIэ ди деж къихьэсащ хьэтыпщ Хьэтусилэ Ещанэм и пхъур Рамзес ЕтIуанэ фирхьэуным фызу зэрыритам и уэрэд.

**ХьэтитIэуи тятэжъхэр**
**Лъэпкъыжъмэ ащыщхэу**
**Тхыдэжъмэ къаIуатэ.**
**ХьэтитIмэ япщыгъошхо,**
**Хышхо кIыбым щынаIоу,**
**ЦIэрыIоу зеубгъу.**

**Ягъунапкъи Мысырым**
**ХьэтитI нагъэсы.**
**Рамсэсэуи япачъыхьам**
**Ар ымыдэу зао къешIы.**
**ХьэтитIмэ яшIэныгъэ**
**Бгъу пстэумкIи лъагъэкIуатэ.**
**Ешит (Мысыр) пачъыхьэу фираунэ**
**Рамсесэри,**
**ХьэтитIмэ яр къакIуи,**
**ЗэлIу тхыльи зэдаш**
**Благъэ тIури зэрэщIыгъ.**

КъищынэмыщIауэ, лексикосемантическэ гуп 14-кIэ зэлъэпкъэгъу псалъэхэр яхэтщ пасэрей хьэтыбзэмрэ нобэрей адыгэ-абазэбзэмрэ:

1. Нанэ, адэ.
2. Нэ, гу, Iэпэ, щхьэ, напэ.
3. Уд.
4. Хьэ (ячмень), ху.
5. Хьэ (хьэтыбзэкIэ: хьэ-прэ - леопард; уатэ-хьэ - лисица).
6. Къэ (стервятник), акъэ - абазэбзэкIэ.
7. Уахэ, щIылъэ.
8. ГъущI, уадэ.
9. Цей.
10. Хъыбар.
11. Е (зло), цIыкIу.
12. Ит, ис, тет.
13. Унэ, илъэс.
14. Ди унэ, уи напэ.

Бзэм къищынэмыщIауэ, хьэтхэмрэ абазэ-адыгэхэмрэ я фIэщхъуныгъэри зыуэ щытащ. Абыхэм зэхуэдэу яIа тхьэхэм ящыщщ псэ зыIут псори къэзыгъэщIыжа Нэхум и тхьэ Дыгъэу Ра (Рэ), тхьэ-анэу Ур (мафIэм и тхьэ), тхьэ-адэу Iэл (жьым, хьэуам и тхьэ), нэгъуэщIхэри. Адыгэ уэрэдыжьхэм щIэт «уэрирэ, ри, рэ», «уэридэ, ра» ежьухэр къыщежьэжри а лъэхъэнэрщ: я тхьэшхуэу Ра-м пщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу, тхьэлъэIум иращIэкI джэгум, удж хъурейм къыщрашу щыта уэрэдхэм хагъэувэкIэрэ.

Хьэтхэм я тхыдэр зэратхыжын тхыбзэ ямыIами, иужьыIуэкIэ къэунэхуа гъущIынэтхыр зыгъэIэкIуэу щыта лъэпкъхэм ятхыжащ нобэрей Тырку щIыналъэм теса ХьэтитIым и пщышхуэу Нурдыгъэл и къэралыгъуэр аккад зэрыпхъуакIуэ Саргон иубыдауэ зэрыщытар. Каппадокие къыщыщIахыжа гъущIынэтххэм итщ ар.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Джылахъстэнейхэр къызэрокIыпэ

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ езанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр блэкIа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ.**

ФОКIАДЭМ И 17-м щыIар джэгугъуэм хиубыдэ зы зэIущIэ закъуэщ. Псыгуэнсу щызэхуэзащ зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм зэкIэлъхьэужьу къыщыкIуэ «Псыгуэнсумрэ» «Ислъэмеймрэ». ЗэщхьэщыкIыныгъэ мащIэ дыдэ иIэу зэпэщIэтыныгъэм пашэныгъэр щаубыдащ хэгъэрейхэм икIи ислъэмейдэсхэм нэхъ пэгъунэгъу зыхуащIащ.

ЕтIуанэ махуэм екIуэкIа зэIущIэхэр топ дахэ куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ. Альтуд щыIэу жэуапыншэ топих къыхудагъэкIащ «Кэнжэм». «Искра»-м адэкIэ пищащ зэхьэзэхуэм и медалхэм папщIэ иригъэкIуэкI бэнэныгъэм.

Каменномост щызэхэта зэпэщIэтыныгъэри куэдкIэ къыкIэрыхуакъым нэхъапэкIэ зи гугъу тщIам. Очко бжыгъэ зэхуэдиз яIэу турнир таблицэм зэгъусэу къыщызэдэкIуэ «Малка»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ щызэдэджэгум дагъэкIа топиплIри зи фIыгъэр хэгъэрейхэращ. Иужьрей джэгугъуэм щызыIэрагъэхьа текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ малкэдэсхэр зы лъэбакъуэкIэ къыдэкIуэтеящ.

Зэхэту зэIущIитIми щыдагъэкIа топхэм нэхърэ нэхъыбэ «Тэрчым» и закъуэ хузэфIэкIащ. Дыжьын медалхэр нэхъ мыхъуми зыIэрызыгъэхьэну мурад зыщIа джылахъстэнейдэсхэм Анзорей къуажэм бжыгъэшхуэкIэ щыхигъэщIащ абы щыджэгу «Урыхур». ХьэщIэхэм 11-рэ жэуапыншэу хэгъэрейхэм я жагъуэ ящIащ. Аращи, иужьрейуэ ирагъэкIуэкIа зэIущIищым «Тэрчым» и футболистхэм топ 29-рэ щыдагъэкIащ.

ТекIуэныгъэм и IэфIагъыр нэхъ мащIэ дыдэрэ зыхэзыщIа командитIыр тIощIрэ езанэ джэгугъуэм щызэхуэзащ. Зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ зэ фIэкIа зыгуэр хэзымыгъэщIэфа «Шэрджэсым» топищ худигъэкIащ «Къэбэрдейм» икIи турнир таблицэм и иужьрей увыпIэр абыхэм зэдагуэш хъуащ.

Джэгугъуэм хиубыдэ «Автозапчасть» - «Спартак-Д», «Родник» - «ЛогоВАЗ» зэIущIэхэр жэпуэгъуэм и 5-м ягъэIэпхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и дивизион нэхъыщхьэм и тIощIрэ езанэ джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *фокIадэм и 17-м* - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2**:**1**; *фокIадэм и 18-м* - «**Искра**» (Альтуд) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **6**:**0**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**11**, «**Малка**» (Малка) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **4**:**0**, «**Къэбэрдей**» (Налшык) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2**:**3**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэр фокIадэм и иужьрей зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зэхэтынущ: «ЛогоВАЗ» - «Къэбэрдей», «Шэрджэс» - «Малка», «Ислъэмей» - «Урыху», «Кэнжэ» - «Родник», «Шэджэм-2» - «Псыгуэнсу», «Спартак-Д» - «Искра». «Тэрчымрэ» - «Автозапчасть»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр фокIадэм и 28-м траухуащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Автозапчасть»** | **18** | **17** | **1** | **0** | **87-12** | **52** |
| 2. | **«Тэрч»** | **18** | **13** | **1** | **4** | **77-25** | **40** |
| 3. | **«Родник»** | **17** | **12** | **2** | **3** | **60-24** | **38** |
| 4. | «Искра» | 19 | 12 | 1 | 6 | 62-43 | 37 |
| 5. | «Спартак-Д» | 18 | 10 | 4 | 4 | 66-32 | 34 |
| 6. | «Малка» | 18 | 10 | 0 | 8 | 50-38 | 30 |
| 7. | «Логоваз» | 18 | 8 | 4 | 6 | 40-40 | 28 |
| 8. | «Шэджэм-2» | 19 | 8 | 3 | 8 | 44-61 | 27 |
| 9. | «Урыху» | 19 | 6 | 3 | 10 | 45-70 | 21 |
| 10. | «Ислъэмей» | 18 | 5 | 3 | 10 | 40-57 | 18 |
| 11. | «Псыгуэнсу» | 19 | 5 | 2 | 12 | 37-75 | 17 |
| 12. | «Кэнжэ» | 19 | 4 | 1 | 14 | 44-74 | 13 |
| 13. | «Къэбэрдей» | 19 | 3 | 0 | 16 | 35-87 | 9 |
| 14. | «Шэрджэс» | 19 | 2 | 3 | 14 | 26-75 | 9 |




● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

# Къэбыстэ шыуа

Къэбыстэр ягъэкъабзэ, псыгъуэ цIыкIуурэ хъынкIэлым ещхьу яупщIатэ, хьэкъущыкъу куум иралъхьэ, шыгъу хагъэщащэри, IитIкIэ зэIащIэ, и щхьэр трапIэри, шыгъур къэбыстэм хыхьэн щхьэкIэ щIыIапIэ деж ягъэув сыхьэтищплIыкIэ. Щхьэхуэу бжьыныщхьэ, бжьыныху яукъэбзри цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ. Абы тыкъыр цIыкIуу упщIэтауэ шыбжий сыр, шыбжий фIыцIэ мыхьэжа халъхьэ. А псори фIыуэ зэIащIэурэ зэхапIытIэ, итIанэ къэбыстэм халъхьэри, зэхэзэрыхьыху зэIащIэ. ИтIанэ къуэн хаудэри, и щхьэм хьэлъэ гуэр тралъхьэ, щхьэтепIэр трапIэжри, зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ щIыIапIэ деж ягъэув, фIыуэ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэнум деж тепщэч цIыкIум пIинэу иралъхьэ. КIэртIоф гъэва, пIастэ хуабэ, щIакхъуэ дашх.



*Халъхьэхэр: къэбыстэ хужьу* - г 8000, шыгъуу - г 120-рэ, бжьыныху укъэбзауэ - г 120-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 200, шыбжий сыр плъыжь мыхьэжауэ - г 40, шыбжий фIыцIэ мыхьэжауэ - г 20, къуэнтхъурейуэ - г 160-рэ.



# Санэ фIыцIэрэ форэ

ФIыуэ лъэса санэ фIыцIэр япIытI, хьэкъущыкъу лам иралъхьэ, фо гъэткIуа хакIэ, фIыуэ зэIащIэжри, абджым е кхъуэщыным иралъхьэ. Абы и щхьэр ягъэбыдэжри щIыIапIэ-кIыфIыпIэм ягъэув.

Шейм драф, лэкъум хуабэм, щIакхъуэм дашх.

*Халъхьэхэр:* санэ фIыцIэу - г 3000, фоуэ - г 3000.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Ауан

# Гур зыгъэтыншыжар

Бэзэрым къытехьэщ Хъуэжэи, Iэщ щапIэмкIэ екIуэкIащ, жи. Бжэн зыщэу щыт лIым бгъэдыхьауэ йоупщI: «СлIо, къуэш, мы жыггъэкIым и уасэр?» - жеIэри. ЛIыр занщIэу къэгуфIащ: «Уэр хуэдэу мыбы хуэфащэ цIэ фIэзыща сэ нобэм къэсыху срихьэлIакъым. Апхуэдэу ущыуэршэркIэ, тхьэ соIуэ, уэ пфIэзмыхын мы си жыггъэкIыр. МобыкIэ кIуэцIрыкI пыIащхъуэм тумэниплIкIэ къызэт жери нобэ лъандэм сигъэпсэуркъым. Ауэ, къащтэ, тхьэ соIуэ, уэ тумэнищкIэ уэстынкIэ, зы бжьи уезгъэфэжу».

Хъуэжэ бжэн къэщэхун муради иIэтэкъым, зы бжьэ ефэну къежьауэ гъусэт къилъыхъуэр. Ауэ апхуэдэ блигъэкIынт?! Абы Iэмал къыхуигъуэтынтэкъэ Хъуэжэ?! «Уэ жыпIэр пэжым, сеупщIынкъэ мобы», - жиIэри, бжэным тумэниплI къезыту жыхуиIа пыIащхъуэм Хъуэжэ лъэщIыхьэри къигъэувыIащ.

- Мо бжэным тумэниплI ептыр пэж?
- Тхьэ сыгъэIэ, изоткIэ, идэркъым армыхъумэ.
- АтIэ сэ къуезгъэтынщ ар тумэниплIкIэ.
- Тхьэ сыгъэIэ, зы бжьи уезгъэфэнкIэ къызебгъэтмэ.
- Къащтэ атIэ уи тумэниплIыр, уэри модэкIэ лъэныкъуэ зынегъэз.

Арати, Хъуэжэ бжэныр тумэнищкIэ къищэхуащ. «Зы бжьэ себгъэфэныр пэжмэ, зумыгъэгувэу мо шей ефапIэм накIуэ», - жриIэщ къыздищэхуа лIыми, бжэныр бэзэрым къытрилъэфащ.

Тумэн къыдигъэхуар и гуфIакIэ жыпым иригъэзагъэри, Хъуэжэ бжэныр пыIащхъуэм иритащ. «Зы бжьэ себгъэфэныр пэжмэ, зумыгъэгувэу мо шей ефапIэмкIэ накIуэ», - жриIэщ абыи езыр ежьащ.

Куэд мыщIэу щыри зэхуэзэжащ. АдэкIэ къэхъуам сыткIэ ухуей?! Ари апхуэдэхэм деж къэхъухэм ещхьыркъабзэщ. Сыту хъуми, Хъуэжэ хэкIуэдакъым. Я хьэблэ щIалэхэр къыхуэзэри я унэ яхьыжащ. Ауэ пщэдджыжьым тумэнри игъуэтыжакъым. ЗыгуэркIэ кIэрыхуу кIуэда и гугъэри хуабжьу гузэват, ауэ пщыхьэщхьэм зэрырифар къыщцыжраIэжым, и гур тыншыжащ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.**

● Сабийхэм папщIэ

# Жьынду

Сыжейнэдкъым, сыхуэмыхукъым,
ПцIищэ къыстевмылъхьэ.
Жэщхэм, цIыхур фыжеихукIэ,
Си напIэр зэтезмылъхьэ.

Къызощыпыр хьэпщхупщ Iэджэ,
Жьынду быныр согъэтхъэж.
ЗэщIызокъуэ губгъуэр гъуджэу.
Дзыгъуэу хъуар зэблызогъэж.

Жумэрэнхэр согъэкIуэдыр,
Гъавэм зэран хуэзмыгъэхъу.
Жэщым плъыру уэгум ситу,
Хьэцэпэцэр фхузогъэхъу.

Созэгъэжыр, нэхур щамэ,
Уэнжакъыжьым сотIысхьэж.



Сыщхьэукъуэу тIэкIу флъэгъуамэ,
Ар уэрамым дэвмыхьэж.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Ущие зыхэлъ тхыгъэ

# Эзоп и жэуапхэр

Зэгуэрым Эзоп зи пщылI Ксанф хьэщIэ гуп къыхуэкIуэнути, шхыныгъуэ щыIэм я нэхъ IэфIыр ипщэфIыну унафэ хуищIащ. Эзоп бэзэрым кIуэщ, бзэгу къищэхури, ар яхуигъэхьэзыращ.

- Мыра нэхъ шхыныфIу щыIэр?! - къэгубжьащ Ксанф.

- Аращ, - жиIащ Эзоп. - Бзэгур псом нэхърэ нэхъыщхьэщ. Абы и фIыгъэкIэ къалэхэр яухуэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм зауж ь, щIэныгъэ зыдогъэгъуэт, цIыхухэр зопсалъэ, жыпIэнурамэ, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIах. Бзэгум «къыпокI» гуапагъи, дахагъи, лъагъуныгъи.

Ксанф и хьэщIэхэр апхуэдэ жэуапымкIэ арэзы хъуащ.

ЕтIуанэ махуэм Ксанф Эзоп жриIащ бэзэрым нэхъ Iей дыдэу щыIэр къырихыну. Эзоп аргуэру бзэгу къихьащ.

- Дыгъуасэ абы нэхъыфI щымыIэу жыпIащ, нобэ абы нэхъ Iей щымыIэу жыбоIэ! - къэгубжьащ Ксанф.

- Пэж дыдэщ, - жэуап етыж Эзоп. - Бзэгум нэхъ Iей сыт щыIэ? АбыкIэ цIыхухэм пцIы яупс, зэщохьэ, бзаджагъэ зэрахьэ. Бзэгум цIыхухэр бий зэхуещI, зауэ къегъэхьей, къалэхэр, уеблэмэ къэралыгъуэхэр зэхэкъутэнымкIэ унафэхэр къещтэ. Лъэпкъым, цIыхум гуауэшхуэ къыхуихьыфынущ. Сыт щыIэ атIэ абы нэхърэ нэхъ Iей?

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэ шхыныгъуэ: лы пшэр убам бжьын, бжьыныху хэупщIэтауэ, абыкIэ кIэтIий гъэкъэбзар якудэри ягъэжьэж. **3**. Урок, унэ лэжьыгъэ. **7**. Адыгэ цIыхубз фащэм щыщ. **8**. Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу гъубжым къыкIэлъыкIуэ махуэр. **11**. ГъущIым, шыгуным, гъуаплъэм къыхэщIыкIа уэзджынэ ин. **13**. Пкъыгъуэ, хьэпшып гуэрым и плIанэпэхэм ящыщ зы. **14**. Нартыху хьэжыгъэ хаудэурэ ягъэхьэзыр хьэнтхъупс.



***Къэхыу:*** **1**. НэщIащэм кууэ ис нэ. **2**. Мащэ, уэх, къиуда. **4**. ЗыщI нэхърэ ... нэхъ Iэзэщ (псалъэжь). **5**. Хьэуам хэт е зыгуэрым трищIа фIей щащэ. **6**. Зи тхьэмпэ фIэIухэр пшхы хъу удз лъэпкъ. **9**. Унащхьэр щIиIыгъэу ухуэнытъэм и блынхэм зэпрууэ къытелъ пхъэ гъум кIыхь. **10**. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша удз лъэпкъ, я тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэу, кIы кIыхь яIэу, гъэгъа шакъафэхэр, къащхъуафэхэр гъатхэм пасэу къыпидзэу. **11**. Хьэфэм е фэм къыхащIыкIыу ягъэпща зэрыджэгу хьэпшып. **12**. Уэшх къешха, уэс ткIужа нэужь къанэ псы инаишхуэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**ФокIадэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. СщIынщ. **6**. Къэси. **7**. Бгъэр. **10**. Адэр. **11**. Зэхэтщ. **13**. Трелъхьэ. **15**. Унэр. **18**. Илъым. **19**. Сэри. **20**. Ажэми.

***Къэхыу:*** **2**. ЩIэин. **3**. Ныбгъуэр. **4**. ХьэщIэ. **5**. ЩIэкIэ. **8**. Мастэ. **9**. Ящэри. **12**. Щхьэмыж. **14**. Еплъи. **16**. Нарт. **17**. Псым.





● Шэрэдж щIыналъэ

# ЩIэщыгъуэрэ зэгъэкIуауэ

**Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу Жэмтхьэлэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэ пажэ, цIыхугъэкIи куэд щаIуэ къыддекIуэкI Къэгъэзэж Залинэ къопсалъэ, «радиом и журналист Мыз Ахьмэдрэ уэрэ фокIадэм и 20-м фыкъызэрысин», жеIэри. Арати, дэ тIур, «пщыр гъусэншэмэ, лъхукъуэлI пэлъытэщ» псэлъафэми дригъуазэу, ныбжьэгъухэм дахоплъэжри, адыгэ хабзэм фIыуэ хэзыщIыкI, лъэпкъ фащэ екIукIи зэщыхуэпыкIа щIалэ Iумахуэр гъусэ тщIыну мурад тщIащ.**

ДЫЗДЭКIУАР, ипэжыпIэкIи, махуэшхуэм зэрыхуэхьэзырыр нэрылъагъут. Щэнхабзэмкlэ унэм и пщIантIэм лъэныкъуэегъэзу Iэнэ кIыхьышхуэхэр щегъэувэкIат, адыгэ фащэ екIухэмкIэ зэщыхуэпыкIа ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэанэхэмрэ, нэжэгужагъэр я нэгум къищрэ щекIуэкIынум хуэгъэпсауэ, щызэхэтт.

Арыххэу, Щэнхабзэмкlэ унэм и пщIантIэм щызэхуэсахэр, адыгэ фащэ екIухэмкIэ зэщыхуэпыкIа шухэр я пашэу, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм тоувэхэри, ирокIуэ, ищхъэрэкIи ипщэкIи зыщагъазэу. ДэкIахэр къыщекIуэлIэжам, гуфIэгъуэ иныр я нэгум къищрэ зэщыгуфIыкIыжхэу пщIантIэшхуэм къыдохьэж. ЗэхэзекIуэм япэ иту къэзыгъэзэжа шухэр къыздихьэжа утыкум джэгун щрагъэжьарэ лъэрытемытт, зи уанэгу исхэм зыдащIрэ зэрымахуэшхуэри зыхащIэ хуэдэу.

Псори я пIэ изэгъэжа иужь, псалъэ иратащ Жэмтхьэлэ дэс нэхыжьыфIхэм ящыщ, зэрыцIыкIу лъандэрэ шы Iуэхум пыщIа, уэрэдыжьхэр зи Iэпэгъу гупу Щэнхабзэмкlэ унэм къыщызэрагъэпэщам илъэс куэд щIауэ хэт, зи ныбжьыр илъэс



84-м щхьэдэха Гъубжокъуэ Алихъан.

Къызэхуэсахэм гуфIэгъуэ махуэм теухуауэ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэза иужь, тхьэмадэм къыхигъэщащ щIалэгъуалэр, къытщIэхъуэ щIэблэр анэдэлъхубзэр зрагъащIэрэ ягъэшэрыуэфу къэгъэхъуным мыхьэнэ ин зэриIэр, Iуэхум хуэгъэза щапхъэхэмкIи щIигъэбыдэжащ и гупсысэр.

АдэкIэ псалъэ иратащ гъуэгугъусэ тхуэхъуа щIалэу адыгэ хабзэм фIыуэ хэзыщIыкI, шы гъэхъуным илъэс куэд тезыгъэкIуэда, мэзхъумэуи лэжьа, Къулъкъужын къуажэм щыщ Бабыгуей Сосрыкъуэ.

- ПщIантIэшхуэм сыкъыдыхьэу, къуажэ гупэмкIэ сыплъэу, мо мэз Iувым, абы и лъапэм зыщызыубгъуа джабэ щхъуантIэ дахэшхуэм, сэтей бгъуфIэу щIыгулъ берычэтыр зи бэм гу щылъыстэм, абы къыдэкIуэуи, хьэуа къабзэри щыжьэдэсшэм, си псэм зыхищIащ мы къуажэм цIыхугъэ зыхэлъ, гу къабзэ зиIэ, шэ хьэлэл ефахэр зэрыдэсыр. А псом къыхэкIыуи, жылэ Iумахуэм мыпхуэдэу сохъуэхъу: «Мы КъуэжьыкъуеЙ Ипщэр ижькIэрэ пщы-уэркъ епсыхыпIэщ. Уей, нэхъыжьхэм зэрыжаIэуи, я дзажэжьхэр фIэдзарэ дагъэр къыпыткIуу, хьэщIэу къахуэкIуэм ар хуагъэхыщIэу, Iуащхьэмахуэ уафэр щыгъуагъуэу, жылэдэсхэм я губгъуэм уэшхыр къыщешхыу, я мэз лъапэу джабэ нэкIухэр зыдекIуэкIыр Iэщым иуфэбгъуауэ, мэкъумэшыщIэм щIыгулъ фIыцIэр зэдагъазэрэ гъавэр бэву къытрахыу, уей, я щауэхэр мо къуршым къыхэIущIыкIам ещхьуу, езыхэр Iэчлъэчрэ къуданхэу, уей, мэгуэ-мэгуэ, хамэ хэкум щыхутэрэ, уэри, Алихъан, зэрыжыпIауэ, адыгэ щIыхьыр щаIэту, я пщащэхэр фIэрафIэрэ щэныфIэу, фIыгъуэу щыIэр къадэкIуэу, я нэмысым насып къахуихьу, мыбдежым къызэрыщыхагъэщауи, нобэ адыгэм ди махуэщи, ди насып мыухыжым и щIэдзапIэ ар хъуну сохъуахъуэ, къуажэ Iумахуэм фи щIэблэр вагъуэбэм хуэдэу къыфщIэхъуэну, адыгэм мы дуней псом къуэпсыбэу зыщыдукъуэдиярэ «хьет!» жедгъэIэу, Хьэт къэралыгъуэшхуи зэм-зэм дыщыхъужыну Тхьэшхуэм жиIэ!» - къыхигъэщащ и псалъэм Бабыгуейм.

ГуфIэгъуэ пэкIум уэрэд щыжаIащ Щэнхабзэмкlэ унэм зыщызыгъасэ ныбжьыщIэхэм. Къэдгъэлъагъуэмэ, Уэлджыр Каринэ, Жылэ Арианнэ, Кугъуэтыж Сабинэ, Тхьэгъэлэдж Юлианнэ, Iэрэмысэ Азэмэт сымэ, ГъуэплъащIэ Камилэрэ Жылэ Адиссэрэ усэ къыщеджащ, къэфакIуэ гупым хэтхэм я зыкъэгъэлъэгъуэкIэ дахэхэмкIэ утыкур ягъэбжьыфIащ.

Тхыгъэм и кIэ къихуэу къыхэдгъэщынщи, Адыгэхэм я махуэм трагъахуэу, Жэмтхьэлэ щIэщыгъуэрэ зэгъэкIуауэ къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм ящыщу къыщIэкIат СпортымкIэ унэу а жылэм дэтым зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр зэрыщрагъэкIуэкIари, жылэдэс нэхъыжьыфIхэр къуажэ администрацэм зэрыщызэхагъэсари, а псом я къызэгъэпэщакIуэрэ щIэгъэкъуэну къуажэ тхьэмадэр, Дэхъу Артур, зэрыщытари.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Анэшхуэхэр зэпоуэ

**Бахъсэн районым и къуажэхэм щызэхэтащ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къихьэным хуэгъэпса пшыхьхэр, зэIущIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр. Абыхэм ящыщ зыт Кыщпэк къуажэ клубым щрагъэкIуэкIа «А, нука, бабушки!» зэпеуэр. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм анэшхуэхэм гъэщIэгъуэну хузэхалъхьат ахэр зэрызэхьэзэхуэну щIыкIэр.**

ХЬЭГЪУЭЛIЫГЪУЭМ и егъэкIуэкIыкIэм, абы къызэрырагъэблагъэ псалъэхэм, щыжаIэ хъуэхъухэм хухэха Iыхьэхэр хэтт къэпщытэныгъэхэм. Апхуэдэуи бзылъхугъэхэр зэпеуащ гущэкъу уэрэдхэр, Iуэтэжхэр, псалъэжьхэр, адыгэ уэрэдыжьхэр жыIэнымкIэ. Абыхэм къагъэлъэгъуащ жьакIуэу зэрыпсэлъэфыр, лъэпкъ хабзэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр.

ЗэIущIэм и зы Iыхьэт адыгэ шхыныгъуэ гъэхьэзырынри, абыи зыкърагъэлыжакъым. Ахэр зэрапщэфIым и щэхухэр къызэхуэсахэм жраIащ, лъэпкъым и дежкIэ абыхэм мыхьэнэуи яIэри дыщIагъуу.

Зэхьэзэхуэм хэтахэм я зэфIэкIыр къапщытащ Бахъсэн районым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм. Абыхэм къыхагъэщащ Кыщпэк щыщ бзылъхугъэхэм зэчий зэрабгъэдэлъыр. «Нанэ пэрыт» Iыхьэм щытекIуащ Гъуэщокъуэ Тае, «Нанэ Iущ»-щ БжэныкIэ Людэ, «Нанэ хабзафIэр» БжэныкIэ Светэщ. Бахъсэн район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тхьэмадокъуэ Зерэ фIыщIэ яхуищIащ нанэ Iумахуэхэм икIи къалэжьа щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритыжащ.

**ЧЫЛАР Аринэ**,
*Бахъсэн район администрацэм*
*и пресс-IуэхущIапIэ.*



● Пшыхьхэр

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.777 • Заказыр №1922

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А